ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№№28-29 (21.187) ●2008 гъэм мазаем (февралым) и 14, махуэку● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 6-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Медведев Дмитрий Иорданием и пащтыхьым хуэзащ

Урысей Федерацэм и япэ вице-премьер Медведев Дмитрий Иорданием и пащтыхь Абдаллэ ЕтIуанэм хуэзащ. Пащтыхьым жиIащ Урысеймрэ Иорданиемрэ «хэхауэ зэгъэнэгъуу, зэлэжьэгъуу» зэрыщытыр.

Медведев Дмитрий кьыхигъэщхьэхуэIащ экономикэ и лъэныкъуэкIэ къэралитIыр зэрызэдлажьэр псынщIэу зэрефлакIуэр.

ЗэIущIэм щыгепсэлъыхьащ лъэныкъуитIым яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэм, дунейм щыIэ гугъуехь зэмылIэужьыгъуэхэм. ГущылIэ хэха хуащIу теоретикъыхьащI Къуэкlыпlэ I Гъэнэгъуэ щыIэ зэгурымIуэныгъэхэр зыкъэзэнэкIыным и лъэныкъуэкIэ къэралитIым я унафэщIхэр щIэх-щIэхыуэр зэрызэхуэзэм икIи зэрызэпсалъэм мыхьэнэщхуэ зэриIэм.

«Иужьрей илъэсихьм кIыбрыдэуэ уэ иджы еяну ди къэралым укъокIуэ, - зыхуигъэзащ хьэщIэ лъапIэм Медведев Дмитрий. - Абы къегъэлъагъуэ Иорданиемрэ Урысей Федерацэмрэ зэпыщIэныгъэ гуапэхэр зэрадIэр, а зэпыщIэныгъэхэм псынщIэу зэрызэхуэкIыр. Кьапщтэмэ, нэгъабэ нэрылъагъуэ хэхъуащ къэралитIым яку дэлъ сату дэжьыгъэм. А IэнатIэм мы гъэми зыужьыну дыщоугъэ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, лъэныкъуитIым яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэм я лъабжьэр экономикэ IэнатIэм щызэдэлажьэнырщ».

Абдаллэ ЕтIуанэм кьыхигъэщхьэхуэIащ дунейпсо утыкуми КъуэкIыпIэ Гъэнэгъуми Урысеймрэ пщIэшхэм зэрыщIэр. «Мы зэманым дзгъэкIын хуей Iэхэугъэ гугъуэгр куэду зэрыщыIэм кьыхэкIыу, ди дежкIэ мыхьэнэ хэха иIэщ Урысей Федерацэм длэжьэнымрэ. Дэ ди пIыпIэр хэхауэ уэрл, зэрыщыту фи къэралми, дызэрыфыщIам зедгъэужьынырщ».

Пащтыхьым Медведев Дмитрий иригъэблэгъащ Иорданием щыхьэщIэну.

● ЗэIущIэхэр

Хабзэм ебэкъуэну зыми хуитыныгъэ иIэкъым

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм и коллегием иригъэкIуэжащ 2007 гъэм зэфIагъэкIахэм, законымрэ хабзэмрэ гъэбыдэныжмкIэ къэув кьалэнхэм щыхэплъа зэIущIэ зыубгъуа. Абы хэтащ УФ-м и Генеральнэ прокурорым и къуэдзэ Сыдорук Иван, КъБР-м и Президент Кьанокьуэ Арсен, УФ-м и прокуратурэм Следствиемкlэ и комитетым Следствиемкlэ и Iэхэущапlэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Устэ Валерий, къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министру КъБР-м щыIэ Томчак Юрий, УФ-м Наркотикхэр зэрызэблагъэкIым кIэлъыплъыжьмкIэ и федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Кульбаев Руслан, прокуратурэм и оперативнэ лэжьакIуэхэр.

РЕСПУБЛИКЭМ и прокурор, юстицэмкIэ 3-нэ класс зиIэ къэрал чэнджэщзэгъу **Жариков О.О.** ищIа докладым кьыщитъэлъэгъуащ федеральнэ законодательствэр зэрагъэзащIэр къэнодательствэм, хуэзэгъэ прокурор кIэлъыплъыжьыгъэ гъэзэфIэкIуэжьмкIэ, цIыхухэм я конституцэ хуитыныгъэхэр хьумэжьымкIэ, щIэпхьаджагъэхэм ебэныным хуэунэтIауэ хабзэхьумэ органкIэм ирагъэкIуэжI лэжьыгъэр зэгъэзэуIуныжьмкIэ, терроризмэм, экстремизмэм япэщIэтыныжьмкIэ, нэгъуэщI унэтIыныгъэхэмкIи зэфIагъэкIхэр нэгъабэ нэрылъагъуу зэрефIэкIуар.

Прокурорхэм кIэлъыплъыжьмкIэ яIэ кьалэнхэмрэ хуитыныгъэхэмрэ гъэзэщIэным пыщIауэ кьыщIагъэща ныкьуасанигъэхэр мин 20-м щIегъу. Аэр гъэзэкIуэжьным те ухуауэ прокуратурэм иригъэкIуэкIа Iуэхухэм япкъ иткIэ, жэуапым ирашэлащ цIыху 500-м нэблагъэ. КьулыкъущIэхэм ящыщу 1400-м щIигъум гурагъэIуащ законым ебакъуэ зэрымыкьунур. ХэщIыныгъэхэр егъэпшынжьыным теухуауэ судхэм щIалъхьа Iуэху 2747-м япкъ иткIэ, сом мелуани 118-м щIигъу ящыныжьыгъэхэу кьалъытащ. Уголовнэ Iуэхуу 113-рэ кьыщIэуахащ.

Федеральнэ законодательствэм ирагъэзэгъыжащ къэрал властым и органхэм я нормативн-правовой акту 20, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм я акту 170-рэ. Абыхэм ящыщу 43-р уставхэрщ.

(КIуэхыр 4-нэ нап.).

ГъащIэм игъуэт зыужьыныгъэхэр къыдощтэ

● Дыгъуасэ

Налшык дэт курыт еджапIэ № 9-м щIыпIэм и I3-м щекIуэкIащ школ библиотекэхэм я лэжьакIуэхэм я республикэ семинар-зэIущIэ. «Школ библиотекэр - школым и псэр» зыфIащар. КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и «Iхыгъ» ОУ-м и жэрдэмкIэ къыдэгъэзэжащар къыдэIуIыхащ нуэкьерей Iуэхуащапlэм и унафэщI Шаваевэ Iэминат.

ЩIЫЗЭХУЭСА щхьэусыгъуэм, зэIущIэм мыхьэнэ нэхъыщхьэу иIэм, ар зэрекIуэкIыну щIыпIэм кIэщIу тепсэлъыхьа, гъащIэм зэрызэихуэжьым тещIыкьауэ библиотекэ гъэжьыгъэми зегъэужьын зэрыхуейм и гугъу ищIа нужь, япэ псалъэр ириташ зэхуэсыр щекIуэкIа школым и унафэщI **Короткиху Ольгэ.** И унафэм щIэт Iуэхущапlэм и библиотекэр зэрылажьэм, еджакIуэ щыкIуэхэм ар я кIуапIэу зэрыщыытым, литературэ и пьэныкъуэкIэ я Iуэху зыбутым и гуапэр кьызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ абы.

КьыкIэтыкIуэу зэIущIэм кьыщыпсэльащ Къэбэрдей-Балъкъэрым егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ, педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат **Дорохинэ Лидие.** ЩIэныгъэр псом нэхъри зэрынэхьыщхьэр, еджакIуэ щыкIуэхэм тхьытыр фIыуэ егъэлъагъэныр, ар гъащIэгъуэ яхуэхьуныр и лъэныкъуэкIэ зэхуэсыжьыр, ар гъащIэгъуэ яхуэхьуныр и лъэныкъуэкIэ щIэныгъэхэм я Iуэху зыбутым и гуапэр яхуэхьуныр, абы и Iуэхуэр зэхэтэкIыну.

2007 гъэм и гъэмахуэм Псков обществ щекIуэкIа школ библиотекэхэм я лэжьакIуэхэм я I сьездым кьыщIэта Iуэхугъуэхэмрэ абы кьыхиха гупсысэхэмкIэ зэIущIэм кьрихьэлIахэм ядэгугъэщ Налшык щыпIэ администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и департаментым библиотекэ фондэмкIэ и методист, кьалэ Iуэхуам, кьеджащ **Шаваевэ Iэминат.** Апхуэдэуи ар тепсэлъыхьащ библиотекэхэм тхьытыщIэхэр зэрапэрыхьэщIыкIэм, абыхэм я фондыр кIуэ пэтыху нэхъ тхьэмыщIкIэ зэрыхьэм. Абы Дорохинэ зыхуигъэзащ лъэпкъкIэ: республикэм и школ библиотекэхэм ирата компьютерхэр зыхухаха Iуэхугъуэм тещIыкьауэ къызэрамыгъэсбэным министерствэм и Iуэхуитыну, абы и Iуэхуэр зэхэтэкIыну.

ИСТЕПАН Залинэ.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Щыгъуазэ зещI

● Хэхъныгъэ-2008

ПРАВИТЕЛЬСТВЭМ и Унэм иджыблагъэ хэхакIуэ комиссэхэм щыдгъагъэкIуэжа семинар-зэIущIэр теухуат хэхьпIэ участкэхэр Урысей Федерацэм и Президентыр, щIыпIэ самоуправленэм и лIыкIуэ органхэр хэхьнымхуэгъасэзырыныжьмкIэ лэжьыгъэ зэрызэгъэпэщам. ЗэIущIэм хэтащ Урысей Федерацэм и Президентым и федеральнэ инспектор нэхьыщхьэу ИщIэ федеральнэ округым щыIэ **Меркулов Александр** КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщI **Тупикин Андрей** и гъусэу ар Май районым щыIащ. Абыхэм хэхьпIэ участкэ зыбжанэм, нэхъ пхыдаразэм хэту, я лэжьыгъэм щыгъуазэ защIащ. Хэхьнымхуэгъэзэр егъэкIуэжьыныр кьыгъэзыгъэпэщкIэ Iэтыныр щрагъэкIуэжкIэ зыныгъуэ щымыIэным гулыитэ псор хуэзнэтIын зэрыхуейм техуэауэ.

Меркулов А.В. арэзы техъуэащ хэхьнымгъэхэм зыхуэгъэхьэзырыныр хъарзынэу зэрекIуэжкIым. ФIы и лъэныкъуэкIэ кьыхихгъэщащ иджырей дунейпсо пщащIэхэм хуэфащэ Iэмэпсымэхэмкlэ хэхьпIэхэр кьызэрызэгъэпэщащ. Абы щыгъуэми гуЗъаригъэтащ язныныкъуэ хэхьпIэхэм зыщтрихьэIа ныкьуасанигъэхэр ягъэзэжкIуэжьмкIэ зэрыхуейм.

Абы щыгъуэми гуЗъарегъэтащ хэхьнымгъэм щыща сыт я лъэныкъуэкIэ кьыхихгъэщащ иджырей дунейпсо щIалъэхэм хуэфащэ Iэмэпсымэхэмкlэ хэхьпIэхэр кьызэрызэгъэпэщащ. Абы щыгъуэми гуЗъаригъэтащ язныныкъуэ хэхьпIэхэм зыщтрихьэIа ныкьуасанигъэхэр ягъэзэжкIуэжьмкIэ зэрыхуейм.

Щыгъуазэ хъуну кьыщIэкIынкьым хэхакIуэ комиссэ псоми щIалэгъуалэм ядэгъэжьынкр япэ зэрыригъэзыщIр жысIэмэ. ЩIалэгъуалэр Урысейм и кьэкIуэну, гъащIэм и IэнатIэ псори пщIэдей зэрыхьунур зыубзыху кьарууэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Абы кьыхэкIыу хэхакIуэ ныбжьыщIэхэр мыхьэнэщхуэ зиIэ политикэ Iуэхум - Урысей Федерацэм и Президентыр хэхьныным - жьджру хэщIыкIэ уэчIщ. Iуэрэл псом щрагъэкIуэкIынущ Хэхакlуэ ныбжьыщIэм и махуэр. Ар мазаем и кум кьызэрагъэпэщыну траухуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым а щIыналъэр зэман гъуэгнэгъу дыдэм щхьэхуэ зэрыхуэнр.

Щlалэгъуалэм кьагурыгъэIуэн хуейщ къэралыр зехьэнри езыхэр щыпсэу щIыпIэхэм щекIуэкI Iуэхуэхэри Iуэмпэм щIэуэ зэрымыкIыну. Абы хуэунэтIауэ курыт щколхэм я класс нэхъыжьхэм щIэсхэм хэхьныгъэхэм ди гъащIэм щIэ мыхьэнэм теухуа я сочиненэ нэхъыфIэхэр кьыхэхьным хуэунэтIа республикэ зэпеуэхэр иокIуэкI. Бузхэм я студентхэм хэхьныгъэмкIэ хуитыныгъэхэмрэ хэхьныгъэм пщыIа Iуэхуэмрэ зэрыщыгъуазэр зыгъэбелджылыну республикэ зэпеуэм и комиссэхэм хэтыныхэр ягъэбелджылащ. «Хэхьныгъэхэр сабийхэм я нэкIэ» сабий суэрэт конкурс мы зэманым иокIуэкI.

ХэхакIуэхэм я правовой зэхэщIыкIыр кьэлэтынымрэ хэхьныгъэ зэхэщIыкIыр зэрыщыгъуазэщыну щIыхуэхэр егъэджэныгъэ щIыхьэуэ тепсэлъыхьыхьэу кьыщIэхьныщ. Хэхьныгъэхэм зыщIыхьагъэхьзыр лъэхъэнэхэм я мызакъуэу, адрей зэманми а лэжьыгъэр КъБР-м и Хэхакlуэ комиссэм кьигъэтIасхьэркьым. Иджыблагъэ абы иригъэкIуэкIа зэIущIэм кьыщащтащ зи гугъу тщIы Iуэхум и лъэныкъуэкIэ 2008 гъэм зэфIагъэкIынуэхэр. Iуэху нэхъыщIхьэхэм ящыщщ участкэ щIыпIэ-щIыпIэхэм щагъуэхуэн зэрыхуейр.

ЗэIущIэм хэтащ УФ-м и щIыналъэхэм я лIыкIуэхэм, щIыпIэ-щIыпIэхэм щагъуэхуэн зэрыхуейр.

Зэ1ущIэм хэтащ УФ-м и щIыналъэхэм я лIыкIуэхэр.

Медведев Дмитрий нэхъ тригъэщIащ теплицэ инхэр щIыпIэ-щIыпIэхэм щагъуэхуэн зэрыхуейм.

ЗэIущIэм хэтащ УФ-м и щIыналъэхэм я лIыкIуэхэр.

Медведев Дмитрий нэхъ тригъэщIащ теплицэ инхэр щIыпIэ-щIыпIэхэм щагъуэхуэн зэрыхуейм.

ЗэIущIэм хэтащ УФ-м и щIыналъэхэм я лIыкIуэхэр.

Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэм кьыхигъэщхьэхуэIащ къэралым и экономикэм хуэзайстворэр къэIэтыным мы зэманым ахъшэхуэ зэрыхуэхахыр. «Дэ тхуэзэфIэкIынущ ди щхьэм и мызакъуэу, ди гъунэгъуэхэри ерыскъыхьэкIэмкIэ кьызэдгъэпэщынущ. Iуэхур зэтеухуэн хуей къудейщ», - жиIащ абы

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Шэшэн

Иужьрей щІымахуэ

Шэшэным и президент Кадыров Рамазан жиІащ Іэщэкъэ зэщІэуэзэдауэ бгыхэм къыщызыжьых «шейтІан» 60 - 70 нэхъри нэхьыбэ къызэрымынэжар». «Мыр абыхэм я дежкІэ иужьрей щІымахуэщ. Ар быдэу фи фІэщ фщІы,» - щІигъужащ щІынатІэм и Іэтащхьэм.

Шэшэным щекІуэкІа зауэнтІым я гугъу щищІым, Кадыровым кІыгъэлъэгъуащ аужьрей псо терроризмэмрэ ихъу-ипкІ ислъамыкъэ зэрызэхуаблар. Псалъэм и хьэтыркІэ, Кадыровым кІыхилъэбелджьыныкІащ а зэпэщІэувэныгъэхэм къэрал 51-м щыщхэр зэрыхэтар. «Абыхэм кІэ етгащ зи кІамыгъэзжьыну. Шэшэным зэи кІыщыгражъэжьынукъым ваххабизмэмрэ экстремизмэмрэ».

Кадыровым кІыгъэгугащ «шэшэн лъэпкъымрэ єэы республикэмрэ Урысейм пэжыгъэкІэ хуэпэжьэну».

Шэшэным и Іэтащхьэм зэхуэдэу жиІащ хабзэм къемыязэгъыу Іэщэ къэзыщта гупхэм яхэтахэу щІегъуэжахэм - мы зэманым хамэ щыпІэхэм щыІэхэм икІи щІэпхъаджагъэ хьэпІэ зымыляжьахэм - я ІыахэкъагъэзэжьынымкІэ ядэІэпыкъуну зэримурадыр. «Къэралым къыщыхалъхьа амнистием и фІыгъэкІэ мамыр гъащІэм къыхьыхьжащ боевикхэу щытахэу минитхум щІигъу. Аэрп щІэпхъаджагъэ хьэпъэхэм хэпщІатэкъым,» - жиІащ президентым икІи щІигъужащ амнистием и пІаІэр ихуа пэтми, абы хуэгъэза лэжьыгъэм зэрыпалъэр.

«Сэ сощІэ шынэу щІалэ кущхьэм республикэр зэрабгынар. БзаджащІэу щымыт дэтхэнэзи фи бзэ псори хуэІухащ. Дэ пъэпкъыр дгуэшыркъым Дудаевым е Масхадовым я бжьым щІэтахэмкІэ, республикэм и унафэщІэхэм я политикэр зыхуэпсэлъэр лъэпкъыр зэкъуэгъэзэнырыц,» - щІигъужащ абы.

Кадыровыр тепсэлыхьащ Шэшэнэм зэрызнуэным. Абы кынгъэгугъащ щтапІэ ихьаехэу къэзыгъэзэжахэм сыт и лъэныкъуэкІи ядэІэпыкъуну. Апхуэдэу къыхэгъэщхьэхуКІащ зэфІамыгъэувэжа школ Шэшэным и щІынатІэм зэримытыжьыр.

- Зауэнтым я уажьКІэ унэнщхуэ къэна псоми мы илъэсыр имыхуэну псэупІэкэр иратынущ, иджыблагъэ зэфІагъэувэжа Грозным и аэропортым Европэ псом къыкІ кхъухьлъатэ хэр къыригъэблэгъэнущ, - жиІащ президентым.

«2008 гъэм Грозныр къалэр хъаныр щымыІэу зэфІагъэувэжынущ, зауэм и лъэужь гуэри щалъэгъужынкъым къалэм и пхъэ щІыпІэ іыхьыза дыдэхэмкІ», - пищащ Кадыровым.

Абы къыхигъэщхьэжкІащ республикэм и щІыпхъэ щІалэхэр къэзыгъэзэжынкъым зи хуэІэгъэ зэрыгъэзэзщІэнырыр.

«Северный Кавказ».

● Хэхыныгъэхэр

Хэт сымэ гъусэ зэхуэхъунур?

Мы гъэм гъатхэпэм и 2-м Урысей Федерацэм, щэкІуэгъуэм и 4-м США-м президент хэхыныгъэхэр щекІуэкІынущ. ИджыпстукІэ гурыІуэгъуэкъым абыхэм якІарикІуэнур. Ауэ хахыну президентхэм куэдкІэ елъытащ къэралитІым я щыкІуэнур. Арщ а хэхы-ныгъэхэм мыхьэнэщхэу дыдэ щІэнэнри, дуней псор мы іуэхэм зэриплеІтІейри.

МЫ ЗЭМАНЫМ а хэхыныгъэхэм хуабжьу зыщІыхуагъэхьэзыр къэралитІми. Урысей Федерацэм а хэхыныгъэхэр къыщыблэгъащ - махуэ бжьыгъэ кІэнэжьар. Іэ зэрытІэтыну бюллетень ипэну кандидатэхэм Аэ зр Богданов Сергей, Жириновский Владимир, Зюганов Геннадий, Медведев Дмитрий сымэщ. Хэт хъуну ахэр? Богданов Сергей илъэс 38-рэ хьууэ аращ, Демократ партием и пашэщ. Урысейпсо экономикэ академиер кьиухащ. Зэгуэр «Яблокэмрэ» СПС-мрэ якъуэтащ. Нэгъабэ дыгъэзащэм Къэрал Думэм и хэхыныгъэхэм къыщыхуэхьар процент 0,13 кІэ дейщ. Куэдым фІыуэ ящІэж хъунщ «МЧМ»-р Мавроди С. кьыззрызэригъэпэщауэ щыта щыкІэр. Абы щыгъуэ Богдановыр абы и гуэгъу щыпащ, щыхьу куэди кьиІэтащ. 2005 гъэ лъандрэ Демократ партым и пашэщ.

Жириновский Владимир ди Урысей Федерацэмки нэгъуэщІ къэрал куэдми кьыщащІыху. Илъэс 61-рэ мэ хуу ЛДПР партыр кьызэригъэпэщащ икІи абы и пашэщ. Думэм и унафэщІым и кІуэдзэщ. Юрист щІэныгъэ ІэхьащІхьэ иІэщ, полковникщ. Президент хэхыныгъэхэм иджы епІланэу хэтщ. Абы и партыр Къэрал Думэм и иужьрей щхьэныгъэхэмэ щыпхьакІащ. ГуащІэу мэпсалъэ, пэж куэди жеІэ, ауэ щыхъэжьри мащІэкъым. Езыр къэлыдыгъуафІэщ, и Іэштымхэр щиутІыпщи кІохьу.

Зюганов Геннадий щІалэжькъым, илъэс 63-рэ мэ хьу. И Іэщащхьэкіэ егъэджакІуэщ, щІэныгъэ нэхъыщхьэ иІэщ. Парт лэ жьыгъэм куэд щІауэ хэтщ. СССР-м и зэманым КПСС-м и ЦК-м и идеологие кьудамэм и унафэщІым и кьуэдзэу щыт щ. Урысей Федерацэм и Компартым и пашэщ. Президент хэхыныгъэхэр кьэкъыным иІэжар зы мащІэщ. Ауэ Ельцин Борис абы щыгъуэ теІкІуащ. КуэдкІэ кьэралым ис щІыхуэхэр кьегъэгуГэ, ауэ ахэр зэрипсэуэщІэну щІыкІэр гурыІуэгъуэ дыдэкъым.

Медведев Дмитрий илъэс 42-рэ мэ хьу. Юрист щІэныгъэ нэхъыщхьэ иІэщ. Ленинград кьыщалъхуащ, абы университетти кьыщиучащ. И ерджкІэр, жьы-лагъуэ лъэхьанымэ зэрыхэтыр игу ирихьати, а университетым и профессору щыта Собчак Анатолий мэру хаха нэужь, Медведевыр и штабым иригъэблэгъауэ щытащ. Абы щыгъуэ Владимирэ абыр зэрыцІыхуащ, ныбжьэгъуи зэхуэхьуащ. Иджы а тІур илъэс 17-м щигъуауэ зэдолажьэ. Медве дев Дмитрий Президент администрацэм и Іэтащхьэу щытащ, иужьрей илъэс хэм Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщІым и яп кьуэдзэщ, социальнэ Іуэхуэкъэ ипщэ дэлъу. Дмитрий мы Іэнатіэм хъарзынэу зыкъыщигъэльэгъуащ, Іуэхум хещыкІ, абы хуэжьІджэрщ, къэралым исхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным кІахуэ зэрыщІ. Медведев Дмитрий президент хэхыныгъэхэм щытекІуэмэ, щэч къыщыгъэтхьэн щыІэкъым иужьрей илъэсхэм Путин Владимир кьэралыр зытригъэува гъуэгу пэжым ар зэрыриІуэнум. Урысей Федерацэм и президент хьунымщІэнхэкъэ ящыІэ зи мэщІакъым. Мы гъэм ахэр зэрыхъур плЫщ. Япэхэм хэтащ: 1991 гъэм - 6, 1996 - 10, 2000 гъэм - 11, 2004 гъэм - 6.

Иджы США-м щекІуэкІыну президент хэхыныгъэхэм теухуауэ. Ахэр ди кьэралым зэрыщекІуэкІым куэдкІэ къыщыхьэщокІ. Мы-бы хэхыныгъэхэр къэсыным илъэситІ иІэу зыхуагъэхьэзырын щІадзэ. Япэ щыкІэ зыкъагъэльагъуэ президент хъуну хуейхэм. Ахэр Республикэ партым е Демократ партым щыщу щытын хуейщ икІи илъэсым нэскІэ зоныкъуэкъу. Президент хэхыныгъэхэр къэсыным мази 10 иІэжу штатхэм кандидатхэр щызэпеуэ хэхыныгъэхэр щокІуэкІ. Апхуэдэ хэхыныгъэхэр щэхуэкІащ икІи абыхэм хэхакІуэ мелуани 8-м щІигъу хэтащ, кандидати 4 щыпхьакІащ: Клинтон Хиллари, Обама Хусейн Барак (Демократ партыр), Ромни Митт, Маккейн Джон (Республикэ парт). Иджы абыхэм а кандидатхэр езыхэр зыхэт партхэм я съездэхэм щыпхьакІын хуейщ. Демпартым и апхуэдэ зэхуэсыр щыщхьэІум и 25 - 28-хэм екІуэкІынущ, Республикэ партым и съездыр - фокІадэм и 1 - 4-хэм зэхэтынущ. Хэт сымэ текІуэнур? Обама Хусейн Барак илъэс 46-рэ мэхьу и адэр хьэрыпщ, м услымэнщ, Кением щыщщ. Апхуэдэу зэрыщытыр зэрал кьыхуэзхъункІи хьунущ. Ауэ езыр губзыгъэщ, зэпІэзэрыгъэщ, щІэныгъэ хьарзынэ зиІэщ, Иракым иращыІла зауэр имыдэу кьуэщ, сенаторщ. Демократ партым и ныкъуэкъуэгъуу щытынущ Клинтон Хилларри. Ари сенаторщ. США-м и 42-нэ президентыу щыта Клинтон Билл и щхьэгъусэщ. ЩІэныгъэ нэхъыщхьэ иІэщ. Цыхубз губзыгъэщ, хьихьэхкІыщхуэ иІэщ.

Псом нэхърэ нэхъ шынагъуэу щытщ Маккейн Джон. Илъэс 71-рэ нэхъу. Ар Вьетнам зауэм хэтащ. Абы и кхъухьлъатэр ди совет ракетэмкІэ кьрадыхуэя, илъэсі 5-кІэ гъэру щытащ. Абы льандэрэ ди кьэралыр кьиІыгъу хъуркьым, Урысей Федерацэмри Путин Владимири кьыхуоІэдзэлашэ, США-м Иракым щригъэкІуэкІ политикэр деІыгъ. Республикэ партымкІэ абы и ныкъуэкъуэгъущ Ромни Митт. Илъэс 60 мэхьу. Массачусетс штатым и губернатору щытащ. И адэри зэгуэр губернатору, министру щытащ, Никсон Ричард и правительствэм хэту. Кандидатхэм мыбы нэхъ кьуабйр е уи хьэр кьыхьыгъэ тьмэнэн уимыІэмэ, ахэр уи гъусэу къакІуэ! Дэтхэнэ мэрем къэси пщыхьэщхьэ зэхэс ящІырт компанием и хьэкъкІэ.

Фы дыдэу вуІыр къэзыуха Ольгэ псынщІэу ІэкъэлапІэ кьигъуэтащ. Ар американ компание ин дыдэхэм я чэнджэщэгъуэ. А зэманым абы и улахуэр нэхъ инт США-м и президент Клинтон Билл еІм нэхъэрэ.

ИужькІэ псоми захъуэжащ. Іэнатіэм зратащ куэдыІуэм. Ахъшэ куэдыІуи халъхьати, псори хуейт псынщІэ дыдэу хэхъуэ къаІэрыхьэну.

Псори зэуэ кьызэтещэхащ. Ди Іэнатіэм улахуэр зэуэ щєхуэхащ. Зыкъомыр лэжьапІэншэу кьэнащ. Зыгуэрхэм мыпхъэр яІэщІэухащ.

Пэжщ, иджы куэдым зыкьыщІэжащ. Мы зэманым сэ сыщолажьэ американ компание ин дыдэм. 90 гъэм си улахуэу щытар сиІэжькъым. Программэ псори Индием щыІэзэхалъхьащ, программистхэр Индием щыІащ, сэ абыхэм «унафэ яхуэщІ», си унэ сыщІэсу. Лэжьыгъэ зэщІгъуэ, ауэ сыІуэхуэжькъым. Ахъшэр нэхъ мащІэ хъуами, срокъу. Ауэ жэщкІэ жеІм нэхъ сеІэгъэ хъуащ, нэхъапэм нэху сыкъекІмэ зэрІэзгъэкІын хуейхэм хуабжьу сегупсысыр.

И лІымрэ и бынитымрэ и гъусэу Ольгэ щопсэу Нью-Йорк и гъунэм щыІэ хьэблэ зыкъызыхьим. И унэр доллар мелуанрэ щитхурэ хуэдиз и уасэщ. ФокІадэм и 11-м и ужькІэ ящ хьэблэхэм щыкІуэ кущІэ Іэпхъуащ. Террорист щІэпхъаджагъэ инхэм иужькІэ іэмэн дэпкІи, абыхэм зыкъащІэжащ, ауэ нэхъапэм зыщыпсоуа щыпІэмэ ягъэззэжакъым. ЩІыпІэ пхьапІэмэ къатищэм нэсу зэтет унэ абрагъуэхэр щахуэх. Абыхэм ущыпсэуну тынш дыдэхэм. Ольгэ и Іуэхур нэхъыфІщ; абы и унэр щыхьэхуащ, къатищу зэтетщ, щыжьей пэшу 5, зыщагъэпскІ пэшу 6 хэтщ. АрщхьэкІэ куэдкІэ нэхъ къищтэнт апхуэдэ псоуалъэ эшІ щалъхуа лъхэм щиІэну. Нэхъ тынщу жеинт.

ШЕЙНИНЭ Серафимэ.
«Труд».

● Лъэжьыгъэ

Езым и хэкур нэхъыфІт

Блэкіа лІэщІыгъэм и 90 гъэхэм интернет-технологиехэр къежьащ. Махуэ кьэс интернет-компаниехэм я бжьыгъэм хуэдэ зыжьаныкІэ хэхъуэрт. Ахэр къызэрагъэпэщыну папщІэ кредиту доллар мелуани 10 - 15 хуэдизкъеІыпхыну гугъуэгъкъым. Махуэ кьэс нэхъыбэ хъурт вуэхэр кьэзыхуагъащІэхэм ящыщу мелуанырыбжьу къыщІидзхэм я бжьыгъэр. Ауэ, итІани, кьаймэщІэкІырт а Іэнатіэхэмкіэ ІэщіагъэлІхэр. Программистхэм я дежкІэ а зэманым США-р жэнэтт. Пэжщ, иужькІэ псори кьызэтещэхащ.

ТУЛЬСКАЯ Оля Москва щыщыпсэуам щыгъуэ, мурадышхуэ гъэри иІакъым. И щхьэр зэригъэтыншыну яужь итт. Ерыскъы институтым щІэтІысхьащ, и фэтэрым нэхъ пэгъуэнагъэти. И ныбжьыр илъэс 19 иригъэкъури, дэкІуащ нэхъыфІ дыдэу къэзыІыгъэ Цыхьэм. 1991 гъэм Тульская Оля Америкэм и Штат Зэгуэтхэм Іэпхъуащ. ЗэнщІу фІэкІыпІэ мы-Іэу зыльэІэсэн хуэй мурад кьэлъыкьуэкІащ. Іэщіагъэ зимыІэ хьэрычэтынщэ и лЫм бгъэдэкІри, зи Іэщіагъэм мылеІэу хэзыщыкІ дохутырым дэкІуащ. И унэщІэр ихьэжащ, Чикагэ и университетым программист Іэщіагъэр щызэригъэгъуэтащ. А зэманым США-м ныщыукъуфейуэ щІадзат интернет-технологиехэм.

Лэжьапіэ зытхэм сыт хуэдэ Іэмалри къагъэсэбэпынут, езыхэр зыхуей ІэщіагъэлІхэр зыІэрагъэхьэн папщІэ. Улахуэхэр дэкІуейщ. ПэжьапщІэм и мызакъуэу, зэрытрагъэгушхуэ нэгъэщІ Іэмалхэри щыІэт. Іуэхущ Іапіэм фыщІэсхэну фыхуэмеІмэ, фи унэ фыщылажьэ! И сабийр е уи хьэр къызыхуэтІысмэн уимыІэмэ, ахэр уи гъусэу къакІуэ! Дэтхэнэ мэрем къэси пщыхьэщхьэ зэхэс ящІырт компанием и хьэкъкІэ.

Фы дыдэу вуІыр къэзыуха Ольгэ псынщІэу Іэкъэлапіэ кьигъуэтащ. Ар американ компание ин дыдэхэм я чэнджэщэгъуэ. А зэманым абы и улахуэр нэхъ инт США-м и президент Клинтон Билл еІм нэхъэрэ.

ИужькІэ псоми захъуэжащ. Іэнатіэм зратащ куэдыІуэм. Ахъшэ куэдыІуи халъхьати, псори хуейт псынщІэ дыдэу хэхъуэ къаІэрыхьэну.

Псори зэуэ кьызэтещэхащ. Ди Іэнатіэм улахуэр зэуэ щєхуэхащ. Зыкъомыр лэжьапіэншэу кьэнащ. Зыгуэрхэм мыпхъэр яІэщІэухащ.

Пэжщ, иджы куэдым зыкьыщІэжащ. Мы зэманым сэ сыщолажьэ американ компание ин дыдэм. 90 гъэхэм си улахуэу щытар сиІэжькъым. Программэ псори Индием щыІэзэхалъхьащ, программистхэр Индием щыІащ, сэ абыхэм «унафэ яхуэщІ», си унэ сыщІэсу. Лэжьыгъэ зэщІгъуэ, ауэ сыІуэхуэжькъым. Ахъшэр нэхъ мащІэ хъуами, срокъу. Ауэ жэщкІэ жеІм нэхъ сеІэгъэ хъуащ, нэхъапэм нэху сыкъекІмэ зэрІэзгъэкІын хуейхэм хуабжьу сегупсысыр.

И лІымрэ и бынитымрэ и гъусэу Ольгэ щопсэу Нью-Йорк и гъунэм щыІэ хьэблэ зыкъызыхьим. И унэр доллар мелуанрэ щитхурэ хуэдиз и уасэщ. Фокіадэм и 11-м и ужькІэ ящ хьэблэхэм щыкІуэ кущІэ Іэпхъуащ. Террорист щІэпхъаджагъэ инхэм иужькІэ іэмэн дэпкІи, абыхэм зыкъащІэжащ, ауэ нэхъапэм зыщыпсоуа щыпІэмэ ягъэззэжакъым. ЩІыпІэ пхьапІэмэ къатищэм нэсу зэтет унэ абрагъуэхэр щахуэх. Абыхэм ущыпсэуну тынш дыдэхэм. Ольгэ и Іуэхур нэхъыфІщ; абы и унэр щыхьэхуащ, къатищу зэтетщ, щыжьей пэшу 5, зыщагъэпскІ пэшу 6 хэтщ. АрщхьэкІэ куэдкІэ нэхъ къищтэнт апхуэдэ псоуалъэ эшІ щалъхуа лъхэм щиІэну. Нэхъ тынщу жеинт.

ШЕЙНИНЭ Серафимэ.
«Труд».

● Кіэщі дыдэу

Ингуш

Мы гъэм и яп илъэс ныкъуэм Ингушым лэжьэн щыщІадзэнущ псори зэхэту зы илъэсым чырбыш мелуан 22-рэ щагъэхьэзырыну заводитІ.

«Урысеим и Ипщэ іыхьныкъуэ» федерал программэм ипкъ иткІэ, а Іуэхущ Іапіэхэр кьыщыІэІуахынущ Сурхахи, Галашкэ кьуажэхэм. Зым чырбыш мелуан 17, адрейм - мелуанин 5 кьыщІигъэкІынущ.

Краснодар край

Старомин куейм «Къазакъ такси» Іуэхущ Іапіэ кьыщыІзрагъэпэщ. Зыкіэ абы иІэр «Газель» автобус щІыкІуипщІ къудейщ. Іуэхущ Іапіэм и унафэщІщ Старомин станицэм и атаман Борисенкэ Николай.

А крайм щыІэ Славян куейм щаухуэ кІэрыхуэбжьэрыхуэхэм елэжьыну завод. Ар щынатІэм и апхуэдэ яп Іуэхущ Іапіэу щытынущ. ЗэраубзыхуамкІэ, заводыр зы илъэсым елэжьынущ кІэрыхуэ-бжьэрыху быдэу тонн мини 100-м.

Ростов область

«Руслегавто» ООО Ростов компаниемэ Іуэхэ куейм кьыщелъхьхъуэ «ТаГа» инди-ие автомобиль іЫуэжьыгъуэхэр щыІэкърилъхьэн Іуэхущ Іапіэ щиучхуэну щыпІэр. Абы апхуэдэ мащІэнэу зы илъэсым мин 60 кьыщІигъэкІынущ. Компаниер хьэзырщ мы Іуэхум доллар мелуани 150-рэ хунутІыпщыну.

Осетие Ищхъэрэ-Алание

Дяпэкіэ Владикавказ унафэ хуащІынущ Іэ Іэткіэ хаха кьуныкъуущитІым - кьалэм и мэр Пагиев Казбекрэ щыпІэ самоуправленэм и администрацэм и Іэтащхьэ Караев Виталий-рэ. Апхуэдэ хабзэм кьару щрагъэтрыгъащ Владикавказ кьалэм ІЫыкІуэхэмкІэ и зэкъуэсым.

Дагъыстэн

Иджыблагъэ Дагъыстэнымрэ Кавказ Ищхъэрэм и нэгъуэщІ щыпІэмэ кьыщыззрагъэпэща урысей бгырыс бригадэхэм я офицерхэр тхьэмахуитІкІэ щыІэну Франджым кІуащ.

Абыхэм а къэралым щыгъуазэ зыщыхуащІынущ бгыхэм щыІэ зауэлІхэр зэрагъасэ щыкІэм.

«Северный Кавказ» газет.

НапэкіуэщІр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

● Ахъшэ

Насыпыр къащэхуркъым

Насыпыр зищІысыр зыми ищІэркъым. Ар езыр-езырэ къокІуэ. Псалъэм и хьэтыркІэ, зыгуэрым и бохьиу фІэкІуэдар къэбгъэтІэмэ, уогуфІэ, зуэ зэтыбох. Ауэ ар ищІу кьыщІэкІмэ, сыт хуэдизу уи жагъуэ хьур?!

«АРГУМЕНТЫ и факты» газетым иригъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэм кьызэрагъэлъэгъуажмкІэ, нэхъ цыхуу насыпыфІэ дыдэхэр щопсэу Швейцариемрэ Исландиемрэ Гаиэм. Швейцариемэ и цыхуэхэр гукъеуэншэщ - ахэр тхьэжыгъуэм хэсщ. Исландиемэ щІыхуэхэр щыкъуелейщ - абы пенсэу евро 1500-рэ нэхъ мащІэ щатырыкьым. Ауэ Гаиэ къэрал кьулейсыным щыпсэуХэм апхуэдэ гукъыдэж къезытыр сыту пІэрэ?

УнасыпифІэу ущытын папщІэ сыт хуэдиз ахъшэ узыхуейр? А упщІэм щІэджыкІакІуэхэм кьрата жэуапыр дызыпэмыплъащ. ИнтернетщІэджыкІакІуэхэм я процент 60-м жаІащ насыпыр сыт хуэдиз ахъшэкІи кьыпхуэмыщІхуну. Ар дуней псор зи олигархэм я бжьыгъэкІэ зыгъэшына Урысейм щыжьыІэныр тельыдж дыдэщ! КьызэрыщІэкІамкІэ, ди къэралым щыпсэухэм я нэхъыбэр нэпсейкьым, хьэрэмыгъэнщэщ.

Сом мелуан яІэмэ, насыпыфІэ хъуну кьалытэ зэупщІахэм я процент 28,8-м, сом мин 500-р ярикъуну кьалытэ процент 12-м. Сом мини 100-кІэ арэзыщ процент 5-р, сом мин 50-кІэ - процент 3-р. Ауэ сом мини 10 кьудей яІамэ, зи Іуэхухэр тэрэз хьужьну кьэзылытэхэмэ я бжьыгъэ процентш 5 мэхьу.

Псори зэхэту щІыху 457-м еупщІащ.

ИВАНОВ Михаил.
«АиФ».

«Трансференси Интернешнл» дунейпсо зэгуфъэныгъэм иригъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэм япкъ иткІэ, илъэс зыбжанэ хьуауэ Урысейр кьалытэ Іуплъхьэхэр нэхъ хуабжьу щызекІуэ къэралхэм ящыщу. Абы и лъэныкъуэкІэ УФ-р ябгъурытщ Индонезиемрэ Тогэмрэ, Араш Урысейм кьыкъуэкІэр. Коррупцэм (нэгъуэщІу жыпІэмэ, и Іэнатіэр щхьэхуещагъэкІэ кьигъэсэбэпыным) ди къэралым щыпсэщІэт? Іуплъхьэ зытхэр, къэІуэлыхьхэр зыгуэркІэ кьыжьэдакъуэфыну? А упщІэхэм жэуап кьаритну хущІокъу «Трансференси Интернешнл» коррупцэм и бий кьуэтэныгъэхэмкІэ и кьудамэм и унафэщІ Панфиловэ Еленэ.

Щыхупіэ

- Урысейхэм кьалъытэ Іуплъхьэхэр нэхъ щызекІуэр хабзэхъумэ Іуэхущ Іапіэхэр арауэ.

- Цыхуэхэм зэрэущІам кьызэригъэлъэгъуамкІэ, коррупцэм зыщІегубгъу егъэджэныгъэ, медицинэ Іэнатіэхэм. Уеблэмэ абы и лъэныкъуэкІэ ахэр яп ищыжащ пащэу сыт щыгъуи кьэгъуэгурыкІуэхэм - хабзэхъумэ Іуэхущ Іапіэхэмрэ судэхэмрэ. Дэ деупщІащ Іуплъхьэ зытхэми зымытхэми. Сыт хуэдэ Іэнатіэ коррупцэм нэхъ зэщІигубыдар? Зи цІэ кьраІуэхэу 10-м яхэхуащ хабзэхъумэ Іуэхущ Іапіэхэр, судхэр, егъэджэныгъэ Іэнатіэр, властым и хабзэгъэув, гъэззэщІакІуэ кьудамэхэр, узыншагъэр хьумэныр, бизнесыр, дзэ кьуныкъур, политикэ партхэр. Ар насыпыншагъэщ: сыт цІыху цыкІум кьыхуэзнэжыр? ЗэрыныкъуэдыкъуэмкІэ тхьыль кьыІихьн хуейщ, ауэ Іуплъхьэншэу кьратынукъым. Милицэм хуэтхъэусыхэнущи, зыри кьыщІихуащІэнукъым, судхэм захуигъаазэми, кьикІ щІэныкъым. Узыншагъэр хьумэныкІэ Іэнатіэм и унафэщІхэми зыри кьыпхуащІэнукъым. Политикхэри аращ.

- Коррупцэм лъэпкъ проектхэр кьуиІэпхъэжыкІэ хьуну?

- Сэ сыщыІуаззщ лъэпкъ проектхэм яхуэгъэза хьэгъэщагъэхэр зэраІэжьам. Зи гугъу сщІыр «псоми зырагъэгъуэтыфыну псэуплъэгъу», хущхъуэхэрщ. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, ауэ сытми ягъэтІысакъым ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страховани эмкІэ фондым и унафэщІ псори, Зурабовым и кьулыкъур фІэкІуэдыныр кьызэхэкІари аращ. «ДэІэпыкъуэгъу псынщІэм» автомобилхэр кьыхуащхэущ, дохутырхэм я улахуэм хэтащ, Ауэ узыншагъэр хэумэнэм и Іэнатіэм зылыкъу щызыІыгъэхэм я лэжьапщІэр зэрыщыту кьэнащи, кьэралым и жыпым йоІэбэ. Кьулыкъуущхэращ лъэпкъ проектхэр зымыгъэкІуатэр. Абыхэм щыхуэр властхэм щагъэІей.

Шэсыпіэ къуитыркъым

- Мы Іуэхум пэщІэтыныр дэтхэнэ лъэныкъуэкІэ кьыщыІэщІдзэну - ищхьэмкІэ хьэмэрэ ищІагъымкІэ?

- ЛъэныкъуитІымкІи кьыщыщІэддзэмэ, нэхъыфІщ. Министрым и кьуэдзэр Іуплъхьэ кьызэрыІихам папщІэ ягъэтІысамэ, абы кьокІуэ ди кьэралым щыІэзекІуэ хабзэхъумэ щыщІэныгъэхэр яІэу - коррупцэм ГъэгУ ират.

КьулыкъущІэм Іуплъхьэ кьыІомыгъэхьан папщІэ, улахуэшхуэ ептыж хуейкъым. Зи улахуэр мыин офицер ныбжьыщІэм щІэн хуейщ кьэсымаджэмэ, зэрымылэжьам пэкІуэр кьэралым кьызэрыритыныр, дагъуэ кьыкъумыщІмэ, и зэманитІ кьэсмэ, пенсие хъарзынэ зэрыратынур, псэупІэ кьызэрищэхуну кредит процентышІэну кьызэрыІихыфынур, и бынхэр зыхуей зэрыкъуэзэнур. Аруэдэр псом япэу зэгупсысынур дагъуэ кьыхуамыщІу кьулыкъу зэрищІэнщІ, и кьалэнхэр хьэлэлу зэрригъэззщІэнырщ.

- Ди деж щытыкІэр щыдыкъэзыІэнщ. Уголовнэ Іуэхуэхуэ кьыщцІэт, ауэ ягъэкъуанщэм тезыру щытралъхьэр мащІэ дыдэщ. Хабзэхэр мыхьэнэнщэу ара, хьэмэрэ?..

- Дэ ди деж кьулыкъушхуэ зезыхьэхэр щагъэтІысакъым. Пэжщ, кьиІуэ хьунущ Ганеевым, Бульбов, Сторчак сымэ ехьэлІа Іуэхухэр. Абыхэм яхэгъэхьэн хуейщ Минфиным и департаментым и Іэтащхьэм и кьуэдзэ Михайловри. Иужьрейм хуэфащэн тезыр тралъхьащ. Ауэ зы узыншагъэ; мылькушхуэ дыдэ зыдыгъуахэр зэгуэри дэ ди деж щагъэтІысу щытакъым.

Псори кьыщежьэр судхэрщ. Я Іэщ Іагъэмэ хащІыкІ хуэдизу судыщІхэм. Я улахуэри кьаІэтащ. Ауэ псори зэрыщытын хуейм хуэдэу щыткъым. Иджыблагъэ Промышленникхэмрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ я урысейпсо зэгуэныгъэм кьытридзащ ди бизнесыр судхэм хуабжьу зэращыщынэр кьэзыгъэльэгъуащ докладэ. Псом хэзмыдэу ар кьэралым щыпІэуфыщ дежь. ХьэрычэтыщІэхэм я процент 49-м судхэм екІуэлІэн ядакъым, судыщІэхэм зэращышынэм кьыхэкІыу. Судым щызекІуэ Іуплъхьэрщ псом нэхърэ дызыгъэпІейтейр. Коррупцэм и бийуэ сыт хуэдэ Іуэхуи пхуэлэжьынущ, ауэ ар судым и деж зэрынэсу псори кьызэтещэхэнущ. Апхуэдэ кьэмыгъуэм властым и хущІэкъуэм хуейщ. Сэ си фІэщ хъурькъым властыр абы хущІэкъущэу. Быгуэрхэр йогупсыс зэхуэхьэса мелуанэмкІэ сыт хуэдэ Іуэхуми кьыхэкІыфыну. Арщхьэкіэ Іуплъхьэм щэсыпІэ кьуитыркъым. Сэ зы цІыхубз гуэр кьысхуэтхъэусыхауэ щытащ мыпхуэдэу. Абы щыгъуэ ящІ, ауэ ящІ, ауэ ящІ щытащ Москва и Арбат уэрам щІрыІуэм, лъэсу щызекІуэм. Мыдрэ усакІуэмрэ абы гупсысэкІэ и гъунэгъуэхэмрэ щыгъэхуэсырт, я гурыгъу-гурыщІэхэр щызэхуаІуатэрт, зым и Іэдакъэщ Іэкъэхэр адрейхэр щыгъуазэ щащІырт. Абыхэм япхъэжьа Іуэхур ядэкъри кІуэщакъым. Окуджавэ и пІэм ІуэхущІ щыІэ зым Окуджавэ и жэл фэепльм бгъэдэт Игнатенко Юрий. Абыхэ щхьэ щІэнк



Итамбыл и уэрамхэм кьулежьхэм карнавал щрагъэкIуэкI.
XVI лIэщIыгъуэ



Тенджыз ФIыцIэ и Iуфэм деж.
2003 гъэ

(КIэлыкIуэр.
Пэщэдзэр №№26,27-хэм итщ).

Истамбыл уэсмэнхэм зэраубыдэр ильэс щитху щрикьу махуэр етIощIанэ лIэщIыгъуэм зэрагъэльэпIам и щхьэусыгъуэр Европэм щапхъэ тезыхха куэд зэрыхьуамрэ ар зигу темыхуэ тырку лъэпкъыпсэхэм я щхьэр кьыз эрагъэтамрэщ. ЕпщыкIуГъуэнэ лIэщIыгъуэм и пэщIадзэм Истамбыл дэсахэм я зэхуэдитIыпуг ислъам диныр зезыхьар; чыристанхэм я нэхъыбапIэр византийхэм кьатехьукIыжьа алыдж - фанариотхэт. Сыщысабиямэ нэхъ ижьыIуэкIи гу лъыстэрт тырку лъэпкъыпсэхэм я лъэр уэ зэрыхьуам. Абыхъм шэч кьытрахьэртэкъым «Константинополь» псалъэр кьэзыгъэсэбэп дэтхэнэми и гум фIы зэримыльым: поплъэ кьалэр зеяхэм кьыщагъэзэжьынум - абыхъм кьагъэзэжмэ, ильэс щитху дэкIарэ пэт тыркухэр Истамбыл кьыдахунурэ екIуэлIапIэнщэ хъунущ, е я лъэгум щIагъэувэнурэ пщIэм щхьэи яIэжьнукъым, езы кьалэм «Константинополь» фIащыжьнущ. Ямыщэ ж хуэдэт Уэсмэн империем и лъэхъэнэм тырихуэмк Истамбыл Константополкlэ еджэ куэд зэрахэтар.

Тыркыр Европэм благъэ зэрахуэ жьуным щIэкъуэхэм яфIэфыщэтэкъым Истамбыл зэраубыдам тепсэлыхьыкIи. 1953 гъэм, ильэс щитху махуэшхуэм зыхуагъэхъэзырыр зэрыщIадзэрэ зыбжанэ щIауэ, президент Байяр Джеладри премьер-министр Мендерес Аднани абы хэтыи ядакьым, я европей ныбжьэгъухэмрэ Ауыджьмрэ гукъанэ зыхурамыгъэщIын щхьэкIэ. НАТО-м хэтт Тыркыр - яфIэфI хъунутэкъым, Константинополь ираха лейр апхуэдизкIэ кьыдрагъажеймэ. Абы фIэлыкIагъэнщ тырку президентри премьер-министри. Абы и ужькIэ ильэсищ нэхъ дэмыкIауэ, националистхэм кьыззыщIагъаплъэ пщтыраф хэр Истамбыл и уэрамхэм дзэзрыгуэрэ, алыджхэмрэ адрей чыристан лъэпкъ цIыкIуэмрэ я унэхэр, тыкуэнхэр, псэуальэхэр зэтракьутащ, зэтрагъэсхащ. Члисэхэри кьелакьым, чыристан тхьэгъэпс куэди зэтраукIащ. Абы уигу кьеГъэкIыж, уэсмэнхэм Константинополь яубыда нэужь, кьалэмэ кьалэдэсхэми лейуэ кIэлыдзэрахьар - ар ятхыжащ а мыгъуагъэр, зи нэгу щIэкIаХэми щIэныгъэлIэхэми. Иужьрей ильэс щэ ныкьуэм Истамбыл зрагъэбгына алыджкэр куэдкIэ нэхъыбэщ 1453 гъэм и ужькIэ абы дахуэм нэхьрэ.

1955 гъэм, инджылызхэм я дзэр Кипрым щикIыжьам, а хитыГыр Алыджым и блыгу щигъэувэн мурад щищIам щыгъ уэ, Ататюрк кьызыщадэ хуэ унэм (алыдж кьалэ Салоники дэтщ) тыркуэхэм ягъэIуца бзаджащIэ гуэрым гранатэ щIадзауэ щытащ. Абы кьызэщIигъэвэнтэкъэ тырку асльыхэр: зэхэльэдзкIи, Бейоглу хьэблэм зэрыхьащ, зэрыгъэкIийуэ, я нэм лъы кьытельэдауэ. А хьэблэм алыджхэм я зы тыкуэни я зы уни кьыданакьым: зэтракьутэри, мафIэ ирадзыжащ. Ар дыдэр иращащ Истамбыл дэт адрей алыдж тыкуэнэмри унэхэми. Я губжьыр нэхъри зраутIыпщар алыдж куэд зыдэс куейхэрэр: Ортакёе, Балыклы, Саматье, Фенере... Я нэр кьыщихуэуэ, бзаджащIэ кьанлыхэр а куейхэм зэрыхьурэ, зы тыкуэни кьыданакьым, унэхэм щIэльадэурэ алыдж, ермэлы цIыхубзхэм лей ирахащ. ЖыпIэнурамэ, ахэр зыкIи нэхъ щIагъэзэкъым Мехмет Зэрыпхъуакуэ я аскэрхэм нэхьрэ. Кьалэр жьыхьэмэ мафIэм хэзыдзкъэм зэхащIыхь щIэпхьаджагъэр махуиткIи зэпыуакьым. А псор ямыльагъу нэпцI защIащ тетхэм, щIэпхъаджащIэхэм кьадэщIын кьыкъуэкIащ: «Фымыгуэзэ, зыри кьыфхуэхэдынукъым», - кьыжраIэурэ.

Уэзрымымус лъымэныр укъащIамэ, а жэщым уэрамым удагъэлIыхьынут - уакьелынутэжьым. Нэху щыщам Истиклялри Бейоглу и адрей уэрамхэми дэзт лIыхуIхэмэрэ, ящIакIуэмрэ плIэкIэ яхуэмыхьа хьэпшыпхэр: плIэкIэ щахуэмыхьым, ахэр зэтраIуущIащ, хьэбэ-сабэ ящIащ. Дэнэкlи щикъухьат щэкI Iэплакlуэхэр, алэрыбгъухэр, щыгъынхэр, мылыльэ пхъуантэхэр, радиоприемникуэхэр, зэрыкьэщIу машинэхэр, хьэкъущыкъу кьутахуэхэр, сабийхэр зэрыджэгу гущащ хьэпшыпхэр, лагъэхэр, тепщэчхэр, уэздыгъащхьэхэр... Уэрамхэм, тыкуэн бжэлупэхэм щызэтельт лъакъуэгурыгаважэ, маршынэ ныкъэхэр, футтеланэ щIэщIэпсэхэр, тыкуэнхэм кьыщIадза манекен зэхэфыщIахэр. Уэрамхэм адэ-мыдэкIэ щызэхэтт танк закьуэтIакьуэ - зей ыгъэтхьа насыпныншэхэм кьадэщIын папщIэ кьэкIуэ хуэдэ фэ зытраГъэуауэ. Фэ зытратэуэ фIэкI, я пIэ ркIакьым танкхэр - апхуэдэ муради яIагъэнукъым. Кьэхъунур кьэхъуэ нэужьщ, Іэжьэгу хъун папщIэ, танкхэмрэ аскэрхэмрэ уэрамым кьыщыдаутIыпщхьар...

А псор ди унагъуэм щIэх ящыгъупщакьым, аращ сысабийуэ си нэгу щIэкIауэ хъуар сигу игащIэкIэ кьыщIинар. Чыристанхэм я тыкуэнхэр, я унэхэр, я псэуальэхэр щIэзэрагъэпэщыжьым, си Іыхьлыхэр, я гур уэзу, щхьэгъубжэм бгъэдэтащ - насыпыншэхэм ядэщIын щхьэкIи щIэмэ щIэкIэтхьэ, ящIэщIэкIуэдэнут. Хьийм икIыр си анэшхуэ адыгэпхъурт. «Апх уэдэ хьэ дэгъуэдахэ кьэхъуауэ сщIэжьыркъым, хьэкIэжхъуэкIи игу техуэнукъым» - арат си анэшхуэм жиIэр, щхьэгъубжэм дэплъурэ, уэрамым кьыщыхьуа псори ильэгъуэти. Ди унэр зыгтет уэрамым кьыщыхьуамрэ щекIуэкIамрэ фыщIэмыпущIэ - арат си анэшхуэм хуэмышIар. Т ырку асльыхэм задригъэкIун щхьэкIэ, ди гъунэгъу тыкуэныр зей Алаадин кьигупсысэращ: абыхъм ягъэпIийуэ кьрахьэжьэ хабзэ щыщ щIыкIуэхэр езымэ ящIэу кьэгублащ. «Сэри сыйдощI» - арагъэнщI абы кьригъэкIар. Си кьуэшым апхуэдэ зы ныП цIыкIу кьищэхуащ, ар си адэ кьуэшым и маршынэм («Доджым») кIэриIури, абы и фIыгъэкIэ кьелауэ щытащ: кьыщIащIакьым, и щхьэгубжэр кьакьуэтэн дэнэ кьэна, кьыбгъэдагъэхьэхакьым зыри: «Дэ тщыщI!»-жалагъэнущ.

Къуелижьхэр

1960 ГЪЭХЭМ я ужькIэ ди анэм тхьэмахуэм зэ кьыдэкI «Ахьшэм» газетыр кьищэху зэпытащ. Ар кьэпщэхун щхьэкIэ, газет щащэ киоскым укIуэн хуейт, унэм кьытхуахьыжьэтэкьым. Ди анэр зэдэкэр «Абы и хьыбар зэхэфха?» псалъэм абыхъм щIэт тхьэгъэпсыр зи Іэдакъэ кьыщIэкI щIыхубзыр зи щхьэфэ имыIэбэ щыIэтэжьым - хуэкъуейкIэхэмрэ зи пэр дзэзыгъэзейхэмрэ я псэукIэмрэ я дунейттекIыкIэмрэ кьыщыщIэдзауэ я мылькум хэкIыпIэ хуэхъуам нэсу. ХьыбарыщIэ т уэр кьыдахьащ, ар нэхьри игъэбатэрт а псалъащхьэм щIэт тхьыгъэхэр, зыгъэхьэзырым - зэрыхуэхьэсам я нэхьыбапIэр мыпхуэдэ хьыбарт:

«Маденджий Фейзийе тхьэмыщкIэ! Абы и унэр дыгъуэгъуакIуэхэм яхъунщIащ, ауэ унэм щIахар ябзыщI. ДыгъуэгъуакIуэхэм я льэужь техьэфыну пIэрэ полиц?..

Мадрэ Айсел нэгъабэ гъэмахуэм тенджызым зэ нэхъ мыхьэми зыщIигъэпсыкIаным, и тэмакъыр узыртэ...

Ипар Муазез Рим кIуащIэ, дуней насыпыр кьеуэлIауэ ельытэ. ШIильэтэр зи бохьышэр Іув зиус хьэзэн зэрыщIыгъуэрауэ пIэрэ?..»

Апхуэдэ хьыбархэм зи щIэ кьыхьхуэхэр ди анэм и нэуэсэ кьыысщыхъут сэ, абыхъм ефынъуэ зыкьысфIэщыкIт, дэ нэхърэ зэрынэхъ кьыдулеиуэ щхьэрэ. Истамбыл дэсхэм зэральытэмкIэ, кьулейхэм адрейхэм зыкьыхьагъэщIын хуейтэкъым, я пэр щыдрагъэзенри щыIэтэкъым - арат ди анэм жиIэр: умыукIытэми, ушынэм хуейтэжьэ? Хэт зыщыщынэн хуейр? Псом япэрауэ, кьэрIылырщ. Уэсмэн пащтыхьхэр игъащIэ льандэрэр щыщIтэрт мыльку зэхуэзыльэфэса цIыху нэпсейхэм (зэрыхабзэти, абыхъм я нэхьыбэр кьулыкьуэхэр зезыхьэ пащэхэрат) - ягу кьэжьинкIэ кьунур ди ныдэлей кьэхъуам. Ди анэ ауэ уIэпIэнкIи мэхъу. Арат пащтыхьм абыхъм дзыхь щыIэуамыщIыр: Iэмал щыхуагъуэтам деж ирагъэукIыпрти, я мылькур фIатхьэкьурт. Журтхэм, адыджхэм, ермэлыхэм я гугъу пщIымэ, абыхъм ящIэнущIэ кьэзыгъэ Етин, ар ди нейпсо.зауэм и зэманым зэрагъэпшынари 1955 гъэм и фокIадэм и 6 - 7 махуэхэм бзыхь зэрыхадзэри - я тыкуэнхэр зэрызэхакъутар, я мылькур зэрыхуэзадыгъуар. Арат зи мылькур ящIэнкIи кьулейкъуэхэр щIэфIэкъым. Сиыншэр. Апхуэдэхэм хабжэрт Адана кьиIэпхуэкIауэ Истамбыл кьыдэтIысхьа Сабанджийрэ Сакьыпэ - ар Тыркум щыIэнхэ кьулей дыдэ унагъуэхэм ящIыщ зыи и Іэтащхьэщ иджы. МащIэрэ тетхьыжьа абы гъэтхэр, тIэкIу зэрыгъэ ауэ ящIа - итIанри и напIэ хуэлакьым, мылку зэрилэри ибзыщIакьым, и унэри музей пэльытэ ящIын хуэзфIэкIащ. Ар щапхъэ зыхуэмышхуари щыгъунэжхэ Истамбыл: мылькуу зэрапIэр ябзыщI, ар щIауфэри цIыхум ирагъэльагъуркъым. Абы гуБзыпIа ягъэ хэлIащ: цIыхум ягу кьэкIынур пщIэрэ - уедыгъуэрэ, я Іыхьэр яфIэпшхэуэ жьызыIэни кьаХэкIынщ.

Ди адэшхуэм кьыззринэкIа мылькур щыIэтIэнуха нэужь, ди адэр Коч Бехби и компанием (тырку мелуаныр ыбжьхэм ящыщщ ари) куэдрэ щылэжьэн хуэй ящ. ЛэжьапIэм кьикIыжьрэ унэм кьикъэжамэ, зыщылажьэ компаниер зей кьулеиужьым хуэхъуэщIэ зэпытут. ХуэхъущIэ кьудейм кьыщынэртэкъым: ди адэм кьызэрыджиIамкIэ, ЕтIуанэ Дунейпсо зауэм хэуныкIахэм ящыщт Сабанджийр - и мылькур цIыху мэжьщIалIэхэм кьажьэдитхьат Апхуэдэ щ цIыкIэкIэщ, жиIэрт ди адэм, адрей кьулеижьхэрэм я мылькур зэрызэхуэхьэсар. Ауэ е ельэхэм ерагъэкьым жаIэр: кьыхьэжкI диЗт, щхьэ тфIэтти, мылькур кьытхуэзыхьар аращи, тхуэфащэщ, ди хьэлэщ...

Кьулежьхэр я мылькум щемыблэр Европэм сату щыдащIым дежт: зыхуеи зыхуэмеи абы кьыщащэхурт, Тырким кьашэрт, щIыхум сэбэп зэрахуэхъуар абы кIэ ягъэгъэльэгъуэн щхьэкIэ. Европэм кьраш хьэпшыпхэм я нэхьыбэм щIэупщIэрт зыкъым щыхур, ауэ езыхэм я напщIэ тельт ар: фIьягъуркъэ, кьэралри щыхури догъэунэ, ди мылькум дыщысхьыркъым... Европэм сату дащIу кьудейтэкъым абыхэм, европеихэм ядэпльбейуэрэ, ещхь зэрызащIыным пылът, уеблэмэ апхуэдизкIэ щIихьэрти, я мылькуи я льапсэи ящэжьрэ Европэм, псальэм папщIэ, Лондон, Іэпхъуэхэрт. Истамбыл удэсмэ, щхьэгъубжэм ущыдэплъкIэ, уи нэм кьыIуидзэр Босфорщ - Лондон уи нэгу зыщиужьынуш... НэгъуэщI щапхъэхэм уигу кьэгъэкIын урыс лакъуэлIэшхэмрэ «Кареннинэ Аннэрэ»: ди нэуасэ унагъуэ гуэрхэм Европэм кьращуэрэ гувернанткэ кьрагъэблагъэрт, я бынхэм хамэ кьэралыбзэ ирагъэщIэн щхьэкIэ. Бынымхамэ кьэралыбзэ ящIэмэ, ар хьарзынэкъэ. Мыхьэрзыиэр, я унагъуэр ары фIадзэуэрэ, езы хьэхэбасэхэр гувернанткэ кьэхъупхэмэ я кьуелэ Европэм зэрыкIуаэрт.

НапIэзыпIэм я кьуелэ хъуаехэм зэи сехъуапсэкъым сэ, сфIэгъэщIэгъуэныр нэгъэущIт: я мылькум тегужьенIа зэпытущ я гъащIэр зэрахьыр - гухэхъуэ кьаритрэ апхуэдэ псэукIэми гъащIэми? Ахъшэ уи гъунэжьр ар кьыззрыбгъэсэбэпыныр умыщIэмэ, сыт я пэрмэн уи ахъшэми уи мылькуми?

Ди адэм зыгуэр ищIыхуу щытащ зэрыщIалэ льандэрэ. Абы и адэр пащэуэ щытащ, уэзир кьулыкьуми тетащ, аращ и кьуэм мылькушхуэ кьыхуигъэнэн щIыхуэзэфIэкIар. АпхуэдизкIэ куэд кьыхуигъэнати, езыр зы махуи лэжьакьым - абыкIэ зиужьсыжьырт. Газет еджэуэрэт махуэр зэригъакIуэр, е щхьэгъубжэм дэплъурэ «и нэгу зригъэжьынрт»; Париж е Милан кьыхуараха кIэстумыр зыщIыурти, «Хилтон» хьэщIэщым кIуэрт, къэ хьэуэ е щей ефэурэ абы щIэст, пщапэр зэх эуэху. «А хьэщIэщым сыщIэсмэ, Европэм сыкъыщыхутауэ кьысщохьу - аращ сыщытеур», - жиIэрт абы. Ди анэми цIыхубз кьулей гуэр кIуэгъужьэгъу кьыхуэхъуауэ щытащ. Зэи дэкIуатэжьым ар: кьыпльыхьхуэр зэрипэсырт экъым, зыдэкIуэнур кьыдлыхьэр тхьэм, яфIэнэдж эIуджэт. Илъэс щэ ныкьуэм нэблигъаеуэ, полицей гуэрым дэкIуащ, ауэ куэдрэ дэпсэуакьым (езым зэрыжиIамкIэ, «европей хьэл хэлътэкъым»).

Уэсмэн кьулеижьхэм, пащэхэм я бынхэм кьыкъуэзранэкIа мылькур кьаХуэгъэсэбэпкъым, я щхьэм ирапэскъым я ахъшэм фейдэ кьрагъэщIын, ар дэнэ кьэна, ягу техуэрэтэкъым «льэгуГъуанэхэм» кьэхъуэу е шей ядефэну - цIыхум хабжертэкъым (я пIалIэр Европэрэт, абы кьикIэрат я уи ирагъэхьэри я Іэнэ ягъэтIысри). Апхуэдэ «лакъуэлIэш щIэжхэм» я уэ сихьауэ сощIэж, ди адэмрэ ди анэмрэ гъуэ сахуэхъуурэ. Гу зылъыстараши, абыхэм нэхъ кьащтэнут я Іэпм жьа е дэхэду щысымэ. Ар слъагъуртри, си гур щетIысэхьртэкъым «лакъуэлIэшхэм» я хьэщIэщым - ар кьыщыбгынэну дакъикьэрат си щхьэмитыр...

Истамбыл цIыху куэд кьыдэтIысхьа нэужь, щIыр льапсэей хъуащ, абы хэр ныкIар машIэкъым. Хэунэхъуаи щыIащ. Истамбыл зэшитI дэсащ, я адэм щIыщыуэ кьахуигъэнащ. ЩIыр ящэри, кьулей хъуащ зэшитIыр. ЩIым кьыщIаха ахьшэр зэпаубыдри, зэшитIыр зэщIыхьэжащ: нэхъыщIэм нэхъыжьыр кIэрахьэ-кIэ нуклащ. ЩIнуклам и щхьэусыгъуэр нэгъэущIуц газетхэм зэрагъэIуар: нэхъыщIэм нэхъыжьым гурыщхъуэ хуищIауэ, зэшитIыр щIыщэщхьэжар абы кьыхэкIауэ ятхащ. А псом си Іуэху хэльхьым сэ, сигу кьэщIинари, ЛIыуKIым и кьуэ цIыкIум сэрэ пэщIадзэ школым дыдэ зэрыщIэздэджарщ. Ильэс плIыщI дэкIащ абы льандэрэ, итIани си нэгу щIэкIыркъым щIалэ тхьэмыщкIэр: и нэпсыр щIилъэщIыкI эзпытт, школым кьэкIуамэ...

Кхъуэ зиIэ кьулеижьхэр зэщцхьамэ, я Іуэхур хеящIэм и пащхьэ иралъхьэрт экъым. Абы нэхъри нэхъ кьащтэрт, я унафэр Іэщэкlэ ящIмэ: я ней зэщцхъаукъэ - зыр зым ГуаиэдзуэуIуиПэрт. ЗэрыукI нэхърэ благъэ зэзыхуащIмэ, нэхъ кьэзыщIти яхэтащ: зым и кьуэм ныкьуэкъуэгъуэм ипхъу кьыщригъашэ, е и пхър адрейм и кьуэм щрит кьэхъур т, итIанэ, зэман дэкIамэ, ариуэ ры ыкьт: зэфIэнэжьырт, я щIыб зэхуэгъэзэжьырти, Іэшэр кьащтэжьырт. Абы нэзамэ, хильафэр щыхуэб насыпыншэхэрт - бий зэхуэхьужа унагъуитIри я зэхуэдэти...

Кхъухьхэр собж

СОЩIЭЖ ди фэ тэрэхэр щIж-щIэхьуэрэ тхъуэжьн хуэй хъууэ щытащ. ЛэжьапIэм кьикIыжрэ унэм кьихьэжамэ, ди адэм кьыджиIэрт: нэгъуэщI унэ дыIэпхъуэнущи, зывгъэхьэщи. ДыщыIэпхъуэн хуей пIалъэр кьэблагъэмэ, зэрыхьэзрийм дыхэкIыртэкъым. Ди анэр нэпльысэнэIу сти, псомкI кIэльыпльыртэ, зы тепщэч е зы гуахьуэ щыщIкъэгъупщэнутэкъым. Апщ!ондэху си кьуэшымрэ сэрэ абы дыIэщIэкIырти, унэр зыкIэщIыхьэ тщIырт, кьэджьхьэ урэ. ИльэситI-щы хьуауэ дызыщIигсэуа унэм дызэрыщIэкIыр сигу кьеу эрт, дауи. Дэнэ дыIэпхъуэми, тенджызым пэжьжьэ дыхьэртэкъым, а зыр си гурыфIыгъуэт. Хьм щызэкIуэ кхъухьхэм, кхъуафэхэм, кхъуафэжьейхэм си нэр кьатезгъэкIыртэжьым, сымыльагъуж хь ухуэ, сакIэльыплIыр т. СакIэльыплIь кьудейтэкъым - щхьэгъубжэм сыбгъэдэтIысхьэртти, сыбжьыр. Абы щыгъуэ, 1960 гъэм я пэщIэдзэм, ди адэшхуэм Джихангир хьэблэм дищIыхьа унэм дыщIисэуащ. Ильэс пщыкIуэым ситт а зэманым, еплIанэ классым сыхэст. Ди унэр жьэщIым ягъэпIыр тэкъым, щIыIэм диуIыкIыр, пщэдджыжьым жьыуэ сыкъэущмэ, щащыху тIуащIэ зэрэшыхьэкIырти, пIэкъум сыкIэкуакуэу сыкьынтIысхьэрт: я сыхьэтыпэрат кхъухьхэр збжькIи щыIэдзэр.

Пщэдджыжь гуэрым, пIэм сыкьитIысхьа кьудейуэ, пшагъуэ кIыфIым кIуэцIрыпщ кхъухь абрагъуэ къэсльэгъуащ. Ар апхуэдизкIэ инт домбейти, ди щхьэгъубжэ абджжэр дэзджьызджырт. КьыззрыщIэкIымкIэ, пцIы яупсыртэкъым урыс кхъухьхэр жэщ кьэси Босфорым щIэзокIуэ жьызIэхэм. Кьызыхэкlар: сщIэркъым: сыкъэшынащ кьыхьэтыж. Кьаражэ жьым хэтщ, сэ зыращ урыс кхъухьхр зыльагъур - здэкIуэри щIэкIуэри хэт ищIн? Абы и хьыбар егъэщIэн хуейкъэ Истамбылым дэсхэм: кхъухьм дзэр изщ, дауи, и мурадми дыщыгъуазэкъым. Американ ПасэкIащIэх куэд щIщIэзэкIуэ Истамбыли хы Іуфэми: Босфор кьыдыхьэдзэкI урыс кхъухьхэм сурэт трах - тепльэжьуклыркъым. Сэри тесхащ «сурэт»: урыс крейсерым, си към кьымщIтжж хъуху, сыкIэльыплIащ...

НуиЕмкIэ ІуэхущIащ: си закъуэтэкъым Босфорым щызекIуэ кхъухьхэр зыбжыр. Си ныбжьэгъухэм кьызжIащ ар кьудым хуэдэ зэхуэхъуэхуэр: щхьэгъубжэхэм Іуувзэрэ, нэкIэ ягъэхьу хьм щызекIуэ кхъухьхэр, «ямыбжаIэ» благъэкIыныкъым. Псори щIэгуэзвар зыщ: ахэр насыпыншагъэ гуэркIэ кьыдэмытэнкIэ тхъэ щыпIэжьыфIэт. Лицейм кьыщыздеджэ гуэрым зэрыжиIамкIэ, советскэ кхъухь абрагъуэ гуэр Босфор кьыдыхьэмэ, ар здэкIуэр Іупщщ: е Іэщэ, е щыдащ я кьэшэ я Іутрэ Іэнэ кьэрагъэкIын.

Жэщ гуэрым макъ шынагъуэм сыкьыдэзыщIащ. Щхьэгъубжэм сыдэплъмэ, щыдагъэ кьэжьыкIэ танкеритI зэжьэхэзэуэу мафIэм еç, Іугъуэ фIыцIэм уафэр исеящ. Ильэсиблт си ныбжьыр абы щыгъуэ: дунейр кьутэж кьэсфIэщри, си псэр Іукlащ. ЕтIуанэ махуэм газетхэм зэратхамкIэ, зэжьэхэуэар Тіуапсэ кьикI югослав танкерр алыдж кхъухьэрт. КхъухьитIми исахэр псым хэпкIащ, е мафIэм хисхьащ. Югослав танкерыр, жьым ихуурэ, хы Іуфэм Іут тырку кхъухьмк Іыгъуэр, абыи мафIэ щIидзащ. Езы ныр мафIэм ис фIэкI пщIэнтхьэшэм: цIыхур гужьеяти, здэжьнурэ зэпхъуэнурэ ящIэжьыртэкъым.

МафIэсыр Истамбыл и натIэ хъуами яреят Кьалэм и тхыдэм ущыгъуэ аззмэ, уи фIэщ щхьэхъэм абы мафIэсыр зы махуэ щыIэзпIыуауэ, е хым кхъухь щыззэжьэхэмыуауэ. Истамбыл и тхыдэм сытетхыжьыкIи мурад сызэрилIэр кьыщащIэм, куэдым я чэнджэщ кьыздахьэпIащ: «Мыр щыIэнущ хьунукъым, мори хэтхэ», - жаIэуэр.

Еникёйрэ Бейкозрэ я зэхуаку щызэжьэхэуэ кхъуафэжьеитIым я хьыбарыр зыщIуумыгъэзгъупщэ, абы щыгъуэ щыхуэ пщыкIуцу хэдуэдауэ щытащ, кьызжаIащ.

НэгъуэщI зымэ сигу кьитэжьыкащ: рымын таНкерэр аращ ильдж хьэзэшэ кхъухьэр Хайдарпащэ джей щызэжьэхэуатти, абы и макъыр зэхэзымыха Истамбыл кьыдэнэжакьым; хы Іуфэм Іут унэхэм я щхьэгъубжэхэм абдж кьахэнэжакьым абы щыгъуэ.

Мыри кьэхъуащ: 1991 гъэм и бжьыхьэм Ливаным мэл мин тIощым щIигъу зышэ рымын кхъухь Урысеим гуэдз зышэ кхъухьым жьыкъэ щащ. Румын кхъухьыр пссым щIилъэфащ, мэлри итхьэдзкIэ Босфорым щIэлъэдзыжьыр. АпхуэдэхьэрыбгъуэрэкIэ ящIэ кьигупсысэр, ди анэм зэкъуэшитIыр дыхьэпригъэуэм, нэхъ жьыIущ, нэхъ Іэсэ дыхьэ кьыщыхъурт ди анэм. «Япэ гъуэлIыжьым ба хуэсщIынущ», - кьыджиIэрт гъуэлIыжьыгъуэ хьуарэ дыфIэзэранмэ. «ЩIымахуэр икIыху зи пэ кьитмыжьым, щIыIэ зззымыгъэзжьым кьыхуэсщэхунур фщIэркъым - фызыхуэсакъыж» - абыкIи дыкьигъэгугъэрт. «Япэ шхэн ихурэ зыри кIэрызымыгъэткIуэ си нэщ, си псэщ» - апхуэдэ Іэджэ кьытхуигупсысэр, ди анэм зэкъуэшитIыр дыззэпригъэуэрт.

Си кьуэшыр нэхъ гурыхуэт сэ нэхъ-рэ, нэхъыфIуи еджэрт. ГукIэ ищIэрт ди нэIуасэ псоми я адресхэр, я телефон номерхэр, зэ епльамэ, и гум ирифыбдэфырт сыт хуэдэ бжьыгъэр. Уэрамым дыдыхьамэ, си жьэр ущIауэ сэ сызэпльыр тыкуэн витринэхэрт, уафэм сыдэпльейуэрэ пшэ Іэмбатэжэр сыбжьыр, жьигыщьхэм их кьуаргъэхэр, тенджызэ Іуфэм щызеуэ хьтхъэрыкьуэхэм си нэр кьасхутечьыртэкъым, си кьуэшым и нэр зэ ар унэ номерк эмрэ урамхэмрэт. Іоп зэрыдзэжэгу хабзэхэр, зэрызэдзджэгуэ бжыгъэр гукIэ ищIэрт, кьэрал псоми я кьалащхьэхэм я цIэр кьыпхуриб-жэкIыфынут. Ноби, ильэс пIыщI дэкIа нэужьи, зэрыгурыхуэщ си кьуэшыр. Сурэт щыным сыдихьхамэ, тхьылымпIэмрэ кьэрэндащымрэ нэрыгъ схуэ-хуаиэ, псом япэрауэ, зи фIыщIэр си щынэхъыжьращ, нэхъ белджылыуэ жьыСIэнщи, езыр сурэтым хуэхейуэ зэрыщытащ - а зымкIэ сызэрефIэкIри куэд и уасэтжьэ!

Сурэтым сыбгъэдэсурэ сытезэща нэужь, тхылымпIэри кьэрэндащри ззэгъэтIылъэкIырти, си кьуэшым дэж сыкъэрт - «Дыгъэджэгу!» И нэр тхылымк кьытричырти, си кьуэшыр кьысхуэдэпльейрт: «ЗыбгъэщIакъэ?» - жиIэрти. Дыджэгуурэ, дыгъуэзэ дызэрызэщIыхьэжаратэкъым абы си гугъу ищIыр, атIэ езыр кьыззрыстекIуэрат. «Ираид бэнэнкIэ зигъэщIыркъым! Зы сыхьэт хуэдэкIэ тхылым сыбгъэдэсынщи, итIанэ деплъынщ», - жиIэрти и пэшым сыкъыщIихужьырт.

Ззгуэрым, сигу хуэпIури, си кьуэшым зы щIэщхьу есщIэгъащ. Ар кьыскъуигъэзгъуэтIыжьыкIи. «ЩIхь уплащIэ, - схуэзэригъэдзэжащ и нэр, - мамэрэ папэрэ кином пщыхьэщхьэ кIуэмэ, сэ уэ уэ сыпхуриКъунщ». Си псэр Іукlати, ди адэмрэ ди анэмрэ сельэIуащ: «Пщыхьэщхэ кином фымыкIуэ».

- Си кьуэшым сызэрыкIуэщIищыкъынур, си пэр щIым зэрыщихъуэнур яжесIа щхьэкIэ, ягу кьысщIэгъуакьым - киномкIуащ тIури, я унэм дыкьыщIащэри. Ар ззэгъэщхьащ: кьэралитI зэщIеIймэ, ещанэр Іэжьэгъу хъун щхьэкIэ кьахохьэ, ауэ абы щIэх дыдэ кIэбгъу зещIыж, зэщIыея кьэралитIыр зэригъэкIужьи хуэзфIэкIауэ елыгъэри...

Унэм си кьуэшымрэ сэрэ ди закъуэ дыкьыщIанэрэ ди адэмрэ ди анэмрэ Іуэхукlэ ежьамэ, аращ дызыпэплъар жьипIэнт: дызэпэгъуэри, ди щхьэр кьызэрекъутэжьыкьыт. Абы дыздыхэтым, бжэм зыгуэр кьытеуIуамэ, дьижэри, зыри кьэмыхьуэ хуэзэ, бжэр Іутхьыртэ: «Фыкъеблагъэ!» Асыхьэтым фэфI дыдэ кьыдапIь хъунт кьедгъэблэгъам: «Зи насып, зэрысабий щэныфIэ мы цIыкIуэхэр!» ХьэщIэр щIэдгъэкIыжьа нэужь, «сабий щэныфIэхэм» зауэр дыублэжьыртэкъым - дытесабыгъэжауэ, щхьэж и Іуэху и ужь диихьэжыт...

(КъыкIэлыкIуэнущ).

Ахьмэд Ещанэ сулътIаным иригъэщIа мэжджыт-еджапIэм и пщантIэм. *2005 гъэ*

Памукъ Орхъан

Истамбыл

Гукъакlыжхэм я къалэ

(Тхыгъэм щыщ пычыгъуэхэр)



Орхъан. *1964 гъэ*

Памукъэ я унагъуэр. *1965 гъэ*

И кьуэш нэхъыжьыр и гъуэсу.
1967 гъэ

Си кьуэшымрэ сэрэ

ИЛЬЭСИХ сыхъури, илъэс пщыкIуэхым сыхьэхъэ ху, си кьуэшымрэ сэрэ дыззщIыхьэ зэпытащ. ДызэщIыхьэм кьыщIинэртэкъым - дыщIэзэауи куэдрэ кьэ хъурт. СызэрынэхъыщIэми епльыртэкъым си къ ущIыр, езыр нэхъ пIащэ т нэхъ кьаруэфIэкIи, сыпэлъэрытрэ кьыщIи - дызэзэуэ ди щIэдзамэ, сокIу щиIыкIуэхьырт. ИльэситI кьудейт си кьуэшымрэ сэрэ дяку дэльыр, итIани кьыстекIуэ зэпытт. ЗэкъуэшитI зэщцхьэжауэ зэзауэмэ, ар ямылейуэ яльытэрэкъым абы щыгъуэ (иджыри яльытэ си гугъэ-щIыкIи), уебгъэм і сэкIэп кььафIэщIырт, арагъэнт Іэжьэгъу щIымахьуIар: я льыр ягъэупщIыумэ, зэкIужьынщ жаIэ хъунт. Си кьуэшым сыщцпэмыльэщIкIэ, сэ сынэхъ гуащIэмащIэщи, сиубэрэжьми, схуэфащэщ - арат сигукIэ жьысIэр; ныкъмаиэщIащIэ, сыкIу щиIыкIуэхьырт. ИльэситI кьудейт си кьуэшымрэ сэрэ дяку дэльыр, итIани кьыстекIуэ зэпытт. ЗэкъуэшитI зэщцхьэжауэ зэзауэмэ, ар ямылейуэ яльытэрэкъым абы щыгъуэ (иджыри яльытэ си гугъэ-щIыкIи), уебгъэм і сэкIэп кььафIэщIырт, арагъэнт Іэжьэгъу щIымахьуIар: я льыр ягъэупщIыумэ, зэкIужьынщ жаIэ хъунт. Си кьуэшым сыщцпэмыльэщIкIэ, сэ сынэхъ гуащIэмащIэщи, сиубэрэжьми, схуэфащэщ - арат сигукIэ жьысIэр; ныкъмаиэщIащIэ, сыкIу щиIыкIуэхьырт. ИльэситI кьудейт си кьуэшымрэ сэрэ дяку дэльыр, итIани кьыстекIуэ зэпытт. ЗэкъуэшитI зэщцхьэжауэ зэзауэмэ, ар ямылейуэ яльытэрэкъым абы щыгъуэ (иджыри яльытэ си гугъэ-щIыкIи), уебгъэм і сэкIэп кььафIэщIырт, арагъэнт Іэжьэгъу щIымахьуIар: я льыр ягъэупщIыумэ, зэкIужьынщ жаIэ хъунт. Си кьуэшым сыщцпэмыльэщIкIэ, сэ сынэхъ гуащIэмащIэщи, сиубэрэжьми, схуэфащэщ - арат сигукIэ жьысIэр; ныкъмаиэщIащIэ, сыкI

Хабзэм ебэкъуэну зыми хуитынытъэ иIэкъым

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Лэжьапщэр и зэманым зэратым иIа прокурор кIэльыплъныныгъэм и фIыщIэкIэ улахуэмкIэ щIыхуэу сом мелуан 15 ирагъэпшынныжащ, 2008 гъэм щIышылъэм и 1-м ирихьэлIэу апхуэдэ щIыхуэу псори зэхэту щIэжар сом мелуан 1,9-рэщ (ари зытелъ предприятэу 4-м ящыщу 3-р банкрот Iуэхуэхэм хэтщ).

Республикэм и щIыналъэм лъэпкъ проектхэр щыгъэзэщIэным и лъэныкъуэкIэ законодательствэм зэрытетым кIэльыплъныным кърикIуаеу прокурорхэм уголовнэ Iуэхуу 10 къызэIухакIэ. Аху теухуащ «ЭнэгъащIэхэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщынкIэр», «Къуажэхэм щыIэ Iэщlагъэл ныбжьыщIэхэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщынкIэр» программэ къудзэхэм зэнубудэу къаутIыпща бюджет ахъшэр хабзэм къыжьэгъэшу къызэрагъэсэбэпэм. Псори зэхэту апхуэдэ Iуэхуу 25-м хопльэ.

Зэрыщыту къапщтэмэ, лъэпкъ проектхэр республикэм и щIыналъэм хъарзынэу щыпхагъэхI. Абы пыщIауэ къыщIагъэщта хабзэншагъэхэр щIыху щхьэхуэзэм ехьэлIауэ аращ.

Республикэм хабзэншагъэу щалэжьхэм я бжьыгъэм зы илъэсым кърубыдэу процентри 9,8-кIэ хэхуащ. Абы къыдэкIуэу къэгъэльагъуэрыпсэм, экстремизмэм я щхьэр кьаIэтынымкIэ иджыри щынагъуэ зэрыщыIэр. Зы илъэсым кърубыдэу хабзэхьумэ органхэм зэратеуам, ахэр яукIыну зэрыхэтам пыщIа щIэпхьаджагъэу 16 ятхащ. А зэманым кърубыдэу милицэм и лэжьакIуэу 4 хэкIуэдащ, 4 уэгъэ ящIащ.

Къэрал Думэм щыхах лъхъэнэм республикэм къыщагъэхъуакъым хабзэм къемыдзэгъ зэхуэсхэр, нэгъуэщI агитацIэ Iуэхуэхэр. А лэжьыгъэм кърикIуаеэр зэхалъхьажу, Урысей Федерацэм и Президентыр хэжьнымыщIыхуагъэхъзэыр, а хэхьныгъэхэр щрагъэкIуэкI лъэхъэнэм къагъэсэбэпын хуейщ хабзэхьумэ органхэм, хэхакIуэ и омиссэхэм.

Судхэм ягъэхъа уголовнэ Iуэхуэхэм я бжьыгъэр 5400-м щIегъу. Прокурорхэм ралым и цIэкIэ хэтащ уголовнэ Iуэхуу 5100-м щIигъум щыхэпльэм.

Законымрэ хабзэмрэ гъэбыдэныжмкIэ екъулIэныгъэ пыуыкIаехэр щыIэ пэтми, коллегием хэтахэм гулъытэ хэха хуащIащ зэкIэ ихуэзэфIэмыкIаехэм, прокурор кIэльыплъныныгъэм и кьыгъэщIыжмэ хэль ныкъуасанрыгъэхэм. Псом хэумыдзу уегъэпIейтей хабзэншагъэу ялэжьхэм я процент 53,5-м фIэкIа сэтей къызэрамыщIыфым. Пэжщ, абы и лъэныкъуэкIэ хэхаэу жэуапыр зыхьжьар прокуратурэркъым. Ауэ къэльытапхъэщ яхуэзэмыдзу къэна щIэпхьаджагъэхэм ящыщу процент 83,3-р дыгъуэнымрэ хъунщIэнымрэ зэрыпльщIар.

Арэзы укьищIыркъым терроризмэмрэ экстремизмэмрэ япэщIэтынымкIэ, ахэр къызыхэкI щхьэусыгъуэ хэр гъэкIуэдыныкIэ гъэзэщIакIуэ властымрэ щыпIэ самоуправленэмрэ я органхэм, къэпщытакIуэ органхэм законым кьигъэувкэр зэрагъэзащIэм. ЕгъэфIэкIуэн хуейхэм ящыщу лъэпкъ проект пэрытхэр, къэрал чэнджапльэ мыпхъуи теухуа законодательствэр зэрагъэзащIэм зэрыкIэльыплъ щIыкIэр. НэгъуэщI ныкъуасанрыгъэхэмрэ зыхунэмыса Iуэхуэхэмри щыIэщ. ИкIи республикэм и прокурорым эшэн и унафэм щIэ лэжьакIуэхэм яхуиныгъэщIэнымрэ дызыкъыхьа илъэсым къарууэ яIэр а къаланхэр гъэзэщIэным ирахьэлIэну.

Коллегием къыщыпсэльащ республикэм и Президент **Къанокъуэ Арсен**. Абы къыхигъащIащ законымрэ хабзэмрэ гъэбыдэныжмкIэ, щыхухэм я конституцIэ хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ хьумэныжмкIэ прокуратурэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэр зэрыщыкIыну зэрефIэкIуар. АбыкIэ фIыщIэ ябгъэдэльащ, кьигъэльэгъуащ республикэм и Iэтащхьэм, дэтэнэ прокурорми, щIэуэ республикэм и прокурор ягъэувами.

Президентым къыхигъэщащ коррупцэм ебэныным теухуа лэжьыгъэр гъэльэщыным и лъэныкъуэкIэ нэ хъ гулъытэ зыгъуэтыпхъэу щыт Iуэхуэхэр: «Республикэм щыIэ хъунчыным законыр кьызымыщIэ щIыхуэр, сыт хуэдэ къуныкъу абыхэм ямыIытьми. Фи ведомствэм щIэуэ Iэнатlэ щхьэ хуэ къызэрыщызэIуахар а мыхьумыщIагъэхэм япэщIэтынымкIэ сэбэн хъуну сыщогугъ», - жиIащ Къанокъуэ Арсен. Прокурорхэм бгу гъ льаригъэтащ нэгъуэщI зи чэзу къыгъэхэми, псальэм папщIэ, лэжьыгъэ псори зригъэуIуну прокуратурэм къыщзэрыбгъэдэхуэм, дыкъэзыухъуреихь дунейр зыуцIэпIэхэм япэщIэтынымкIэ, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ кьыжьэдкъуэнымкIэ.

Псальэм и кIэухыу республикэм и Президентым къыхигъэщащ щIэпхьаджагъэхэр къэмыгъэхуным, ахэр зэхэгъэкIыным пыщIа сыт хуэдэ Iуэхури тэмэму зэфIэзыгъэкIыфынур зи Iэщlагъэм фIыуэ хэзыщIыкI, зэщIэгъэуIуэу зэдэлажьэ щыхуэхэр арауэ зэрыщыIыр.

Урысей Федерацэм и генеральнэ прокурорым и къудзэ **Сыдорук Иван** къыхилъхьащ кIэльыплъныныгъэ лъжьыгъэр гъэтэмэныным хуэунэтIа Iуэху зыбжанэ. Аэрэ кьыщацытыащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм и коллегием кьыщта унафэм.

Зэман гъунэгъэм кърибыдэу республикэм и прокуратурэм и унафэщIхэм пресс-конференц къызэрагъэпэщыну я мурадщ. Абы нэхъ зэпкърыхауэ щытепсэльыхьынуц илъэс блэкIам ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхуэщ1ап1э.



● Теплъэгъуэ хэр

Щыгъ жыгэр, зыкъраxри. Гъатхэм попльэ. *Сурэтыр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Шэрэдж куей

«СыпхуэгумащIэщ, Урысей»

Хэкум и хьумакIуэхэм я махуэм ирихьэлIэу Шэрэдж куейм Щэнхабзэмкl э и унэм адэжь щыналь эр фIыуэ лъагъуным теухуауэ лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм яуса уэрэдхэр гъэзэщIэнымкIэ зэпеуэ щекIуэкIынущ.

«СыпхуэгумащIэщ, Урысей» фIэщыгъэм щIэту зэхьхьэну зэпеуэм хэтынущ куейм и курыт школ 12-м я еджакIуэхэр. ТекIуэныгъэр къэзыхьэм Шэрэдж районым администрацэм кьыбгъэдэкIыу сагъэтхэр ираты нущ. Аф хуэдэу афган зауэм хэтахэм я зэгуэхьэныгъэмрэ куейм и дзэ комиссариатымрэ я саугъэтхэмкIэ я щIэ кьраIэунущ мы куейм щыщу зауэлIу 7-м.

ШЭРЭДЖ Динэ.

● Зэпеуэ

Шэджэмдэсхэр токIуэ

Налшык дэт 32-нэ курыт еджапIэм щекIуэкIащ ныбжьыщIэхэр хэкупсэу гъэсэным, наркоманиемрэ фадэмрэ. Экстремизмэм яцэIэщIэ щыныкъ теухуа республикэ зэпеуэм и кIэухыр.

АБЫ ХЭТащ зэпеуэм и жэрдэмщIакIуэхэу къэрал кIуэщI Iэжьуэкмкlэ министру КъБР-м щыIэм и къэбзэдэу, жылагъуэ шынагъуэнщагъэмкIэ милицэм и унафэщI **Касумов Сергейрэ** республикэм щыIэ МВД-м милицэм и участковэ уполномоченнэхэм я лэжьыгъэр кьызэгъэпэщынымкIэ, балигъ мыхъуахэм я Iуэхуэмкlэ и къудамэм и унафэщI **Шорэ Аликрэ,** КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIынымкIэ, Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ, Хэушнаг ъэр хъуэныкIэ министерствэхэм, Налшык кьалэ адэ министрацэм, дин Iуэхуэщ1эхэм я лIыкIуэхэр.

Япэу утыкур хуит зыхуащIа, Налшык дэт 25-нэ курыт еджапIэм и командэм и конкурс лэжьыгъэр триуэчат 2004 гъэм фокIадэхэт 1-м Осетие Ищхьэрэ-Аланием хыхьэ Беслъэн къалэм къыщыхьуауэ щыта гуауэм. Гъэ еджэгъуэщIэр гуфIэгъуэкIэ щыщIидзэн хуея махуэм террористхэм кьыщIэкIа ирубыдат. А щIэзэрыджащIэ ерухэм я гъэр хъуа сабийхэмрэ абыхэм я адэанэхэмрэ ягъэва бэлыхьыр командэм хэтхэм зэIуцIэм кьрихьэлIэхэм я нэгу кьыщIагъэувэжат, абыхэм яхэпльагъуэрт зи нэпс кьекIуа балигъхэри.

КьыкIэлъыкIуэу я зэфIэкIыр ягъэльэгъуащ Май кьаIэ дэт курыт еджапIэ № 14-м и лIыкIуэхэр. Школкlуэхэр хуэпат куейм лъэпкъ куэд зэрыщыпсэгъу наIуэ зыщI фащэ хэмкIэ. Псом я щхьэр зэгурыIуэныгъэр, зэкъуэтыныгъэр, мамырыгъэр зэрырагъ ПьабжьэIэ зыхуащIа тепльэгъуэм и уэрэкIэ, майдэхэм зэпеуэм хуагъэхъэзыра лэжьыгъэр утыку кьрахьащ. Ар трауэхуат фадэмрэ афиныжрэ акъылыр зэрагъэзэутхъуэм, гъащIэм и Iэфыпл1эмрэ дахагъэмрэ пэлэщIэ зэращIым, ар зэрышынагъуэм.

Прохладнэ куейм хыхьэ Учебное къуажэ школым щеджэ цIыкIуэхэм я лэжьыгъэр гъэщIэгъуэнт. «Пщэдейрей махуэр фэ езым зыгъэпсыхьажь» къыхэкIыжащ ар абыхэм ныбжьыщIэ псори.

КIэух зэпеуэм иужьу зыкъыщIызыгъэльэгъуар щэджэмдэсхэрщ. Наркоманием, фадэм я бийуэ ягъэзэгъуа тепльэгъуэм кьыщахьа щапхъэхэр, гупсысэхэр гъэщIэгъэнэу, купщIэ хэпльу зэхэгъэуват.

Псори зыпэпльа дакъикъэр кьэсри, стIольщхьэ теннисымкIэ Европэм и чемпионкэ, «Ныбжьыщ1э» клубым и унафэщI **Батыр ФатIимэ** зи пашэ якюрир командхэм я зэфIэкIым хэпльащ. Япэ увыпIэр, телевизор саугъэт щIыгъуу пьагъэсащ Шэджэм кIуалэ и 3-нэ курыт еджапIэм и гупым. ЕтIуанэ хъуащ Май кьаIэм и лIыкIуэхэр, абыхэм я саугъэтыр DVD-плеерщ. Налшыкдэсхэм кьахьар ещанэ увыпIэрщ, магнитофон щIыгъуу, ЕплIанэ хъуа Прохладнэм и командэм и сурэтрэ блын сыхьэтрэ ирагащ. Гулъытэншэ хъуакъым зэпеуэр щрагъэкIуэкIа 32-нэ курыт еджапIэри - абы и унафэщI Блэныхь Къазбэч микрофонрэ сыхьэтрэ тыгъэ хуащIащ.

Зэпеуэм и спонсору щытащ КъБР-м щыIэ МВД-м Уголовнэ къэтлъхьуэныгъэмкIэ и управленэр, Потребительнэ рынокым хабзэр къыщIызэпемыгъэзыдыным кIэльыплъныныгъэмкIэ и къудамэр, Балигъ мыхъуахэм я Iуэхуэхэм кIэ и Iэнатlэр.

УФ-м и Мигращэ Iуэхуэщ1апIэу КъБР-м щыIэм и Шэджэм район къудамэм и унафэщI **Iэрэмыкъо Аизэр** паспортыщIэхэр яритащ Шэджэм командэм хэта ныбжьыщIитIым.

Школакlуэхэм я зэпеуэм кьрихьэлIахэм я нэгу зрагъэужьащ УФ-м и МВД-м и Краснодар университетым и унафэщI **Батыр Фатlимэ** зи пашэ якюрир командхэм я зэфIэкIым хэпльащ. Япэ увыпIэр, телевизор саугъэт щIыгъуу пьагъэсащ Шэджэм кIуалэ и 3-нэ курыт еджапIэм и гупым. ЕтIуанэ хъуащ Май кьаIэм и лIыкIуэхэр, абыхэм я саугъэтыр DVD-плеерщ. Налшыкдэсхэм кьахьар ещанэ увыпIэрщ, магнитофон щIыгъуу, ЕплIанэ хъуа Прохладнэм и командэм и сурэтрэ блын сыхьэтрэ ирагащ. Гулъытэншэ хъуакъым зэпеуэр щрагъэкIуэкIа 32-нэ курыт еджапIэри - абы и унафэщI Блэныхь Къазбэч микрофонрэ сыхьэтрэ тыгъэ хуащIащ.

Зэпеуэм и спонсору щытащ КъБР-м щыIэ МВД-м Уголовнэ къэтлъхьуэныгъэмкIэ и управленэр, Потребительнэ рынокым хабзэр къыщIызэпемыгъэзыдыным кIэльыплъныныгъэмкIэ и къудамэр, Балигъ мыхъуахэм я Iуэхуэхэм кIэ и Iэнатlэр.

УФ-м и Мигращэ Iуэхуэщ1апIэу КъБР-м щыIэм и Шэджэм район къудамэм и унафэщI **Iэрэмыкъо Аизэр** паспортыщIэхэр яритащ Шэджэм командэм хэта ныбжьыщIитIым.

Школакlуэхэм я зэпеуэм кьрихьэлIахэм я нэгу зрагъэужьащ УФ-м и МВД-м и Краснодар университетым и унафэщI **Батыр Фатlимэ** зи пашэ якюрир командхэм я зэфIэкIым хэпльащ. Япэ увыпIэр, телевизор саугъэт

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

● Футбол

Полякхэм къапикIуэтакъым

Фызэрыщыгъуаззэщи, «Спартак-Налшыкым» и командэ нэхъыщхьэр иджыпсту Испанием щыIэщ, нэгъуэщI къэралхэм кьыкIахэр зыхэт турнирым щоджэгурт. Абы зэкIэ хамыгъэхьахэмэ зэманыр пшIэншэу ягъэкIуэдырыкъым.

АПХУЭДЭУ «Спартак-Налшыкым» и етIуанэ командэм мазаем и 11-м ныбжьэгъуфэ зэIущIэ Польшэм и «Коронэм» дригъэкIуэкIащ. Джэгур зэрытемыгъэкIуэу - 1:1-уэ - нухащ. Мэзкуу и «Спартакым» и гъущхьэтету иужьрей илъэсхэм щыта, иджы Польшэм зыгъэззэжа Ковалевски Войцех и гъуэм топ дэзыгъэжIар ХьутIэ Расимщ.

«Спартак-Налшыкым» и етIуанэ командэм хэту джэгуащ Кращенкэ, Степанян, Шумейкэ, Васиныр, Кисенковыр, Сытник, Джатэрыбэр, Патяк (Запорожье и «Металлургым» кьращащ), ДзыхьмащIыр (Баэлэр, 60), Бажэр (Мэзкуу и «Спартак»), ХьутIэр.

ЩIалэгъуалэм зыкъегъэльагъуэ

«Спартак-Налшыкым» и щIалэгъуалэ командэр 2008 гъэм екIуэкIыну зэпеуэм зыхуитхьахьэщIыжыр Крымск кьалэм щыIэщ.

ЩIАЛЭЩIЭКЭМ загьасэ кьудей мыхьэу у, ныбжьэгъуабзэ зэIущIэхэри ирагъэжьэкI. Иужьу налшыкдэсхэр ядэджэгуащ етIуанэ дивизионым хэт «Обнинск» командэм. **Къуэныхь Залым** дигъэкIа топ закъэм и фIыгъэкIэ, ди щIалэхэр 1:0-у текIуащ.

Бажэмрэ Гаджиевымрэ топсэльыхь

Урысей Федерацэм и премьер-лигэм мы гъэм щекIуэкIыну зэхьэзэхуэм щIидзэнкI ьэхэр зы маэзэ. Нэхъ мащIэжщ IужьрэкIэ командэхэм хэтыныхэр яубзыхуным.

ХЬЫБАР кьыззэрытIэрыхьамкIэ, «Спартак-Налшыкым» и унафэщIэм Раменскэм и «Сатурным» иджыпсту йопсалъэ, абы и гъущхьэхьуэмэныкьэ Гаджиев Махьач кьыIахьы. Ар ди командэм бэдэжнду кьыщтэну зегъэхьэзыр, игу иригъэкIуэн, иужькIэ кьыщхъужьпэну.

Налшыкдэсхэр апхуэдэуи хущIокъу Мэзкуу и «Спартакым» и гъущхьэуэ ди льэхэгъу щIалэщIэ Бажэ Амири кьрашIэлIэжьну.

ЖЫЛАСЭ Заур.

● Джэрпэджэж

ПцIым лъакъуэ щIэткъым

Цыхуэ зыбжанэм я унэщIэ щIэту «Адыгэ псалъэ» газетым иджыблагъэ къыIэрыхьа тхыгъэр зытеуухар Аруан къуажэм и пощтым и лэжьакIэрщ.

АБы кьызэрыхэщымкIэ, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Советская молодежь», «Горянка», «Заман» газетхэм, нэгъуэщIхэми я гуапэу кьуажэдэхэм дапщэщи Iэ тредзэрт икIи ахэр тэмэму кьаIэрыхьэрт.

«Иуаз Женя пощтым и унафэщIу лэжьэхункI, гуныкьуэгъуэ гуэри диIакъым. И уэзыншагъэм кьымыхьажу ар зэрыIукIрэ илъэсым нэбгырэ ащи, тхьэуэсыхэным дыхэкIыркъым. Пощтзехьэ Унэжокъуэ Фуэз пенсэмрэ газетхэмрэ нытхуихьыжькIыркъым, а кьалэныр дэ ди пщэм кьыдилъхьэну хэтщ. Куэдым ди ныбжьыр хэкIуэтащ, ныкъуэдыкъуэхэмрэ Хэку зауэшхуэм хэтахэмрэ диIэщи, псори езыр-езыру пощтым нэскIуэфырркъым. Унэжокъуэ Фуэз ди псалъэр кьридзэркъым. Мы Iуэхуэм хэкIыпIэ гуэр кьыхуагъуэтыну дельэIуу район почтамтым и унафэщIхэм зауэдэгъэзати, зы ди кьикIакъым. Бжьыхьэ кIуам пощтым и лэжьыгъэм теуухуа еупщIыныгъэхэр кьуажэм щрагъэкIуэкIати, и Iуэхуэщ1афэмкIэ дыгъэрымыарэзыр зыжьэу жыIами, щытыкIэм зихуэзжакъым, - дыкъыщоджэ абы.

Тхыгъэм кьыззэрыхэщымкIэ, кьаIэрыхьэну я фIэщ зэрымыхъуэ кьыхэкIыу, газет кьезыгъэхьхэм я нэхъыбэм, езыхэри яхэту, 2008 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм Iэ тредзакъым.

«Фи газетыр кьэдгъэсэбэпу, абы и лъэныкъуэкIэ дызыгъэпIейтейхэр республикэ пощтым и унафэщIэм я деж нэтхъэсын мурадкIэ дынотхэри, ди гукъеуэр кьытебдзэну дыныволъэIу», - щыжеIэ Аруан кьуажэм кьикIа мы тхыгъэм.

Тхыгъэм кIэщIэтщ ХьэкIуТ., ХьэкIуэ А., Хущынэ М., Хущынэ Ю., Кьардэн Х., БейтыгъуэН Ж., Аттаев Х., ХьэщIыкIу Л., БейтыгъуэН И., Тхьэкъуахьуэ Ф., ХьэщIэрыIЖ. сымэ, нэгъуэщIхэми я унэщIэхэр.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, мы тхыгъэм кьыщыхьа ныкъуасанрыгъэм хуэдэхэр ди жылагъуэхэм щымащIэкъым. Абыхэм я зэранкIэ нэхьыжьыфIхэм я пенсэр и чэзум яIэрыхьэркъым, газет кьезыгъэхьыну хуейхэм гуэрыдзэ ящI, я бжьыгъэкIэроху. Апхуэдэ гугъуехьхэр кьэзышэхэм щIыхухэм я хуитыныгъэр кьызэрэпаудыр хэIущIыIу щIыныр ди газетым и кьалэнхэм ящыщу ихIи апхуэдэ ныкъуасанрыгъэм зэрагъэзэкIуэжьым зэпыжьуу я нэIэ тригъэпщ. Сыт хуэдэ Iуэхуэр тэмэму и пIэм щиувэжьыр пэжьр ди гъуэзэмэщ, абы дытету дыпсэумэщ.

Аруан кьуажэм кьикIа мы тхыгъэм кьыпфIегъэщI а жьыпм дэт пощтыр дэхуэхьпауэ, щIыхуэм я гъащIэм мыхьэнэ гуэри щимыгъэзэщIэжу, илъэс и пэкIэ тета унафэщIым нэмыщI, нэгъуэщIым я Iэнатlэр хуэемыхьэну.

Дэ ди кьалэнщ ещадзэм кьыIэрыхьэ тхыгъэхэр, кьытеддзэн и пэ кьихуэу, зэпкърытыну, икIи а хабзэм дытету Iуэхуэм иужь дыщихьэм, шэч димытэщIу кьэнакъым тхыгъэм кIэщIэт унэщIэхэм щIэхэр зэрыпсымытым, абыхэм я Iэр зэрыщIэмыдзам.

Ар къэтлъытэри, тхыгъэм и пэжыгъэр зэхэдгъэкIыну дэ зыхуэдгъэщащ район почтатым и унафэщI Гъубжокъуэ МуIэед. Абы кьызэрыджиIамкIэ, мазаем и 1-м комиссэ щхьэхуэм Аруан кьуажэ пощтым и лэжьыгъэр кьыщIащтащ, тхыгъэм и лъабжьэм зи унэщIэ кIэщIэтхэм я Iэзагъэм щыхагъахьуэ. Аруан кьуажэ пощтым и Iуэхуэщ1афэр ди кIэльыплъныныгъэм щIэтщ. Пощтзехьэ Унэжокъуэ Фуэз ткIийуэ гурыдгъэIуащ щIыхухэм я гукъанэ кьихьмэ, занщIэу зэрыIудгъэкIынур.

Аруан район почтатым и кьудамэ псоми я унафэщIэхэр хэту едгъэкIуэкIа зэIущIэм тхыгъэр кууэу щыгъэпкърытхащ. Кьызэрыщ1экIамкIэ, нэгъуэщIхэм я щIэкIэ ар зэзыгъэпщIар зи Iэнатlэм дудгъэ кIа Иуаз Женяп», - кьыджиIащ Гъубжокъуэ МуIэед.

Редакцэм кьыбгъэдэкIыу:

Дызэрыщыгъуаззэщи, ди зэманым щIыхухэм я тхъэусыхэфэ кьэзышэ щыщIэныгъэ Iэджэм урохьэлIэ. Шэч хэмылъу, ахэр кьызыхэкIыр, зыхуэдэр, зи зэранэр хьэIуащIыу щIын, зэхэгъэкIын хуейщ. Абы и лъэныкъуэкIэ газетеджэхэм Iэмалыфlхэр я1Iэщ икIи ахэр хьарзынэу кьагъэсэбэп. Ауэ щIыхьэуещагъэкIэ дызыгъэжэкъуэну хэтхэри щыIэщ. Абы и щIыхьэтщ мы тхыгъэм зи гугъу щытыщ, Аруан кьуажэ пощтым и унафэщIу щытам кьытухитхауэ (е кьригъэтхауэ) щыгъуазэ фызыхуэтщIар.

ПцIым лъакъуэ щIэткъым. Гува-щIэхами, ар зы зэман кьызэрыщIэщыкьынур зыщыдмыгъэгъупщэмэ нэхъыфIщ.

● Гу зылъытапхъэ

Аргуэру пащэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и предприятэрэ организацэу 36-рэ нэгъэ зэхэтащ фIагъ и лъэныкъуэкIэ КъБР-м и Президентым и саугъэтыр кьхьэшын теухуа щIыналъэ зэпеуэмрэ «Урысейм и хьэпшын нэхъыфIу-100» Урысейпсо зэхьэзэхуэмрэ зэрыщIыпхъэ Iуэхутхьэбзэхуэмрэ я фIагъыр, я кьабзагъэр, щIыхуэм и гъащIэм, и узынщагъэм дежкIэ зэрышынагъэнщэр, яIэ щIэупщIэр, нэгъуэщIхэри.

ЩIыналъэ зэпеуэм щIэткIуэхэм дэтхэмэ «ФIагъ и лъэныкъуэкIэ КъБР-м и Президентым и саугъэтым и лауреат» щIэр фIащащэу, дипломрэ ахъшэ саугъэту сом мини 10-рэ иратынущ. Апхуэдэуи ахэр хуитщ я тхылъхэм, рекламэ тхыгъэхэм (этикеткэхэм) «ФIагъ и лъэныкъуэкIэ КъБР-м и Президентым и лауреат» щIэр кьащIащIэу. Урысейпсо зэпеуэм бжьыпэр щызыубыдахэм я продукцэм теуухуа хьэбзаргъэр «Урысейм и хьэпшын нэхъыфIу 100» каталогым иратхэнущ.

Зэхъэзэхуэм щытекIуахэм дипломхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ щкIуэгъуэу мазэм - фIагъым и Дуней псо мазэмрэ фIагъым и европэ тхэмахуэмрэ - ирихьэлIэу ираты жьынущ.

ЩIэупщIэнухэр «Къэбэрдей-Балъкъэрым стандартизацэмкIэ, метрологием и сертификацэмкIэ и центр» ФГУ-м мы телефонымкIэ фыкьэпсалъэ хьунущ: **74-01-73**.

Зэпеуэхэр езыгъэкIуэкI комиссэ.

IэщlагъэлIхэр къыхех

Урысей Федерацэм и щIыхуэз хозяйствэм и Iуэхуэщ1апIэхэм папщIэ зэкъащIуэхэр гъэхъэзырыныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ комиссэм 2008/2009 гъэ еджэгъуэм и къарал планым («Iуэхуэзехь лэжьакIуэхэр гъэхъэзырын президент программэм») хьыхьу ирагъэжьэн щхьэкIэ IэщlагъэлIхэр зэпеуэкIэ кьыхех.

Зэрызыхуагъэхъэзыр программэм инкь ИткIэ: Менеджментым, маркетингым, финансэм я лъэныкъуэкIэ Iэщlагъэлэжьм щIэныгъэ зэрыщIыр курсэхэр урысей еджапIэ Iуэхуэщ1апIэ, бизнес-школ нэхъыфIхэм щIрагъэгъуэхынущ (сыхьэт 550-кIэ щрагъэджэнущ, нэгъуэщI къэралыбзэхэм зэрыхуагъэсыныр сыхьэти 180-рэ ящхьэу);

Урысейм и нэгъуэщI къэралхэм я предприятэхэм тхьэмахуэ зэхуэакуитIым кьыхэщIэдзауэ мази 3-м нэсыху Iуэхуэм щыхагъэгъуэзэнущ.

IэщlагъэлIхэр щIэныгъэ щрагъэтэ Iуэхуэщ1апIэхэм щегъэджэным (я Iэщlагъэм щIэрыщIэу хуагъэхьэзырыр щыкIуэу) хухах ахъшэр федеральнэ бюджетым кьыхокI - процент 33-рэ, республикэ бюджетым - процент 33-рэ, Iуэхуэщ1апIэ еджапIэу зыгъакIуэ организацэхэм - процент 34-рэ.

Зэпеуэкъэ кьыхахьнуэм хуагъэув Iуэхуэгъуэхэр:

я ныбжьыр илъэс 40-м щхьэдэмыхьу (а ныбжьыр нэхъ кьащтэ);

щIэныгъэ нэхъыщхьэ яIэу;

я лэжьыгъэ стажыр псори зэхэту илъэситху нэхърэ мыныхъ машIэу;

унафэщI Iэнатlэхэм илъэсищ нэхърэ мынэхъ машIэ пэрытауэ;

нэгъуэщI къэралыбзэ яIэу;

еджакIуэ зыгъакIуэ Iуэхуэщ1апIэм зэрызрагъэжьыну проектыр гъэзэщIыным езыри хэту щIын хуейщ.

Документхэр Iах 2008 гъэм мэлыхьыхьым и 10-м нэсыху.

IэщlагъэлIхэр гъэхъэзырыныкIэ Программэм, зэпеуэ щыкIэу кьыхахьнуэм уахэтыным пыщIа Iуэхуэгъуэхэм нэхъ IупщIу щыгъуазэ зыпщI хъ

Ди газетым и къыкIэхьыжьуэ помрэр къыщыдэкIынур мазаем и 16-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкIэмыхьу Мариндж (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Мариндж** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь) **Жылаэ Маритэ, Льостэн Мурэ, Ныбжьэ Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжькъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ щIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭР: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхуэщ1апIэхэм я адэлажьэныкIэ - 42-60-53; зыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхуэщ1апIэм - 42-26-41; суэттехыным - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщIэта Iуэхуэгъуэхэм я пэжагъыкIэ аэрэ зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуу зэпыту щытыкIым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щрымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №М-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

КъБР-м Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхь и полиграфкомбинат, Налшык къ., Ленинымрэ и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефонымкIэ 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъэм елъытыгъэу: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эльдар, редактору Уэрдокъуэ Женя, корректорэу Щоджэн Инэ** *(1,2,6-нэ нап.)*, **Табыш Динарэ** *(3,4,5-нэ нап.)*, **корректорэм я дэIэпыкъуэгъу Иуан Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ:* **ЩакIуэ Мадинэ, Мэлбахьуэ Анжелэ,** *сурэтыщI* **Бицу Жанэ.**

Номеры "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м.

Щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ●Тираж 10.095 ●Заказ №416